Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым хэтхэу мы унафэм щIыгъуэр къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 22-м къыдигъэкIа Указ №116-УГ-м къыру имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 10-м
№16-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №16-УГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым ХЭТХЭР

КIуэкIуэ Ю. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым и Унафэщ Iыр

Битокъу В. М.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщIыр

Васильев С. В.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрыр *(зэгурыIуауэ)*

Геляхов А. С.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщ Iыр *(зэгурыIуауэ)*

Егоровэ Т. Б.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыр

Ещыгъуауэ Р. Ш - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ Советым и Секретарыр

Жариков О. О.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыIуауэ)*

Мер Ю. Хь. - КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIыр

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щыгъуэгъэмкIэ, тхьэмыщкIагъэ къэзыщэ къэхъукъащIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ Iуэхущ Iапх нэхъыщхьэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Сокъур О. Хь. - Урысей Федерацэм наркотикхэр зэрыщыгъэгакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Танэ Э. Б. - Суд приставхэмкIэ федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Лъэпщэ М. Хь. - Миграцэ федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Усов О. Л. - Урысей Федерацэм шынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ В. Хь. - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ следствэ Iуэхущ Iапlэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щокъуэм Ю. Ж. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитражэ Судым и Унафэщ Iыр и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*.

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуаэхэм, апхуэдэу хэкIуэда зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм гъэ хъэс ират ахъшэм и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкIа Указ №64-УГ-м и пункт 1-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэт «сом мини 10» псалъэхэр «сом мин 20» жиIэу зэхъуэкIын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№18-УГ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэкъуауэгъуэгъэмазэМ и 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№30 (22.938) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 19, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мурадхэмрэ къалэнхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапlэхэм ядэлэжьэныжрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм дыгъуасэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Iуэхущ Iапlэм блэкIа илъэсым зэфIигъэкIамрэ 2015 гъэм зэлэжьыну и мурадхэмрэ.

ЗэIущIэм кърихьэлащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуэ Нинэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэ **Дроздов Игорь**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Парламентым я лIыкIуэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр.

Управленэм жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм ядиргъэкIуэкIа лэжьыгъэм, а псори республикэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным, лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэ къэмыгъэхъуным хуэгъэпсауэ зэрыщытам убгъуауэ тепсэлъыхьащ Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапlэхэм ядэлэжьэныжрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ управленэм и унафэщI **КIуэрашын Анзор**. Зи унафэщI зэгухьэныгъэхэм я Iуэху зыIутым, мылъку къегъащIыныным пымыщIа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къалэнхэмрэ щIэныгъэ зэрызэбгъэпымрэ тепсэлъыхьащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ кIэ Iэщ Iуэузда къарухэмрэ хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэмитхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд**, Налшык къалэ и чыристан члисэхэм я благочиннэ **Бобылев Валентин**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Аргуэру утыку къохьэж

Курджым и президенту щыта Саакашвили Михаил щIэпхъаджагъэ зыбжанэ илэжьауэ ягъэкъуаншэ, ауэ къэралым и прокуратурэм илъэс куэд хъуауэ Iэмал игъуэтыркъым абы и Iуэхум хэплъэну, зафIегъэпщкIуи.

Зыкъом щIауэ и цIэ къэмыIужауэ, иджы ар аргуэру утыку кихьэжащ. Къыщихьэжари Iуэхур икIуэ щызэхэзэрыхьа Украинэрщ. ЦIыхухэр къиГъэуIэбжьащ абы а къэралым къулыкъушхуэ къызэрыщратам - Саакашвили иджыблагъэ ягъэуващ Украинэм и президент Порошенкэ Пётр и чэнджэщэгъуу, зэхъуэкIыныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ советым и унафэщIу.

«Саакашвили Украинэм нэгъуэщI хэкухэм щIиэ и лIыкIуэу щытынущ, ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр пхигъэкIыу дунейпсо зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм хэтынущ», - жиIащ Порошенкэ, а къулыкъур Саакашвили щыхуигъэфащэм.

Саакашвили я деж къашэжу я къэралым суд щытращIыхьын мурадкIэ Курджым и прокуратурэ нэхъыщхьэм Украинэм и апхуэдэ къулыкъущIапIэм вэсэмахуэ зыхуигъэзза щхьэкIэ, а лъэпу къыхуащIакъым. А Iуэхум теухуауэ дуней псор зытет хабзэхэм я пIкIэ иткIэ, Курджымрэ Украинэмри нэхъапэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ, ауэ иужьрейм ар къызэпиудащ.

«2014 гъэм доллар мелуанитхэ я къэралым къызэрыфIидыгъуамкIэ, и къулыкъур кьиигъэсэбэлу нэгъуэщI хабзэншагъэхэр зэпэжьамкIэ, парламентым и депутат зэриубгъэжьамкIэ, «Курджым и банк зэхэтым» и лэжьакIуэ зэрыригъэуIамкIэ, нэгъуэщIхэмкIи ягъэкъуаншэ Саакашвили икъукIэ чэнджэщ бэлыхьэр яримытыни украинхэм», - жаIэ Курджым щыпсэуахэм.

Къулыкъущ Iэ щхьэзыфIэфI

Сыт хуэдэ къулыкъу умыIыгъми, цIыхуу укъэнжьын хуэмыдэ. Апхуэдэ дерс къыхихащ «Кореан Эйрлайнз» компаниемрэ и унафэщIым и къуэдзэ Хён-Аа Чо иджыблагъэ къызэрыхута щытыкIэм.

Узгум щызэхэсыгъэ гъэр къыщызэпиудауэ къалъытэри, а цIыхубзыр зы илъэскIэ тутнакъэщым исыну унафэ ищIащ. Корее Ипщэм и судым. Мыращ Чо зэхищIыхьар. Кеннеди Джон и цIэр зэрихьэу Нью-Йорк иIэ аэропортым тельэтыкIауэ Корее Ипщэм кIуэж кхъухьлъатэм абы кьаугъэ къыщIэхъеящ, стюардессэм тхылъымпIэ къэп цIыкIум илъу дэ къызэрыхуихьам къыхэкIыу. Авиакомпаниием и вице-президент Чо хъыджэбзым текIиящ, уеблэмэ игъэпудащ, дэр тепщэч цIыкIум илъу къызхуихьын зэрызыеяр дагъуэ хуищIри. Абы къыфIэкIыжри, стюардессэр кхъухьлъатэм икIэщIыпIэкIэ ираГъэкIыну унафэ ищIащ. Кхъухьлъатэр зезыгъакIуэхэм сыт ящIэнт - я унафэщIым жиIэм емыдалуэу хъунутэкъымри, кьагъэзэкри кьетIысэхыжащ.

Абыкъ Iуэхур зэфIэкIыну зи гугъа Хён-Аа Чо щыуауэ къыщIэкIащ - Iуэхум кьаугъэшхуэ кьраГъэкIащ. Кхъухьлъатэм и мычэзуэ къызэрыгагъэгъэзэжам, абы и зэранкIэ къэхъуну щыта шынагъуэкэр къалъытэщ, цIыхубзыр зэригъэпудар абы щIагъужри, суд Iуэху ящIащ.

КъулыкъущIэ щхьэзыфIэфIым илъэсищкIэ тутнакъэщым исыну хуэфащэу ягъэуват Сеул къалэм и хеящIэхэм, ауэ езым къуанШэу зыкъызэриплъытэжыр икIи и зэран зэкIэхэм къыхуагъэгъуну зэрелъэIуар къалъытэри, тIэкIу нэхъ щабэ ящIащ и хьэкумыр.

Мы махуэхэм

Мазаем и 19, *махуэку*

♦1837 гъэм Лермонтов Михаил «УсакIуэм и лIэныгъэ» усэр, Пушкин Александр зэрарукIам теухуар, тхын иухащ.

♦1954 гъэм Кърымыр Урысейм хагъэкIри, Украинэм иратащ.

♦1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хъэршым ириутIыпщхьащ.

♦Тхьидзэ, академик **Успенский Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокIу.

♦Композитор, уэрэджы-IакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист, УФ-м и гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦Адыгэ музыковед **Къардэн Юлие** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 5 - 4, жэщым градуси 6 - 5 щыхъунущ.

Мазаем и 20, *мэрем*

♦1940 гъэм Налшык Iэфыкl э фабрикэ къыщызэIуахащ.

♦Адыгей усакIуэ, драматург **Кубэ Бильостэн** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокIу.

♦Адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокIу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Гъащтэ Абдул** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокIу.

♦Композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубз артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **ХьэIупэ Джэбрэ Iил** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

♦ Генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и къэпщытакIуэ, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзыбэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **Бжэ Iумых Барисэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Журналист, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр зыуагъэфэща **Истэпан Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6 - 5, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Киев щыщ политолог ИЩЕНКЭ Ростислав:

Сыэзригуэгъэмкl э, Порошенкэ зэгуэпсысыр псэууэ къэнэн папщIэ зэрагъэщIэкIыну щIыкIэрщ

Украинэм властыр залымыгъэкIэ зэрыщызэрахъуэкIрэ зы илъэс блэкIащ. ЩIэныгъэ 18-21-хэм Киев и уэрам нэхъыщхьэхэр къыпхуэмыщIыхужыну щынагъуэт, щэр дэнэкIи щыгъуэ, хьэфэ щэрхьэкэр щагъэсу, «Беркутэ» дэя хэхам и зауэлIхэр мывэкIэ зэбграхуу. Мазаем и 22-м президент Янукович Виктор щIэпхъуэжащ...

А ЗЭХЭВЭЗЭХЭЖЬЭР къызэрыхъейрэ илъэс щрикъум дэ Украинэм къэралым и щытыкIэр зэпкърыхынымрэ къэхъункIэ хъунуэр зэпэгъэувынымкIэ и центрым и президент Ищенкэ Ростислав зыхуэдгъэзащ, адэкIэ щыIэнкIэ хъуну зэхъуэкIыныгъэхэм тедгъэпсэлъыхьын папщIэ.

- Ростислав, майданым хэтахэм жаIахэм щыщу сыт зэфIэгъэкIыфа?

- Куэдыщэ мыхъуми, зыгуэрхэр зэфIагъэкIащ. Урысхэр хаукIыкIыну, Украинэр езыхэр зэрыхуейм хуэдэу зэтрагъэувэну неонацистхэр ягъэгугъати, ягъэщIэхъуакъым.

- БлэкIа зэман хьэлъэм Киеврэ Москварэ сыт хуэдэ дерсхэр кьыхахауэ пIэрэ?

- Москва ди деж щекIуэкI псори куэд щIауэ зэхигъэкIри щIэпхъаджащIэхэм ягъэщIэн зэрыуелащIыкIэр иубыхуащ, ауэ екIуэкI Iуэхухэм Киев дерс лъэпкъ къыхихакъым. Киев и властхэм зыхущIэкъуар зрагъэхъулIащ - абыхэм зэкIэ я къэмтетыгъуэщ.Ахэр зыкIи игъэпIейтеиркъым цIыхухэм я псэукIэр зэрызэIыхьам. Ауэ властыр зэраубыдыфам щыгуфIыкIыу пIэрэ? Порошенкэ апхуэдэ гурыфIыгъуэ иIэжу къыщIэкIынкъым. СызэриГугъэмкIэ, ар зэгупсысыр псэууэ къэнэн папщIэ зэрадIэщIэкIыну щIыкIэрщ.

- Украинэм и президентыр традзыну куэд щIауэ ираГъэкI. Майданым и коменданту щыта, иджы Радэ Нэхъыщхьэм и вице-спикер Парубий Андрей Вашингтон кIуащ. Iэщ къыхьуху хуэхъуэну. Президентым и пIэ ирагъэувэнур ягъэхъэзыру ирагъэнщ...

- Порошенкэ и унафэр США-м щащIакIэщ 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм икIи ар нобэм къэс и щэнтым зэрытесыр гъэщIэгъуэнщ. Ауэ ар Порошенкэ и дежкIэ мынэхъыфIынкIи мэхъу. КIуэтэху абы и Iуэхур нэхъ зэIохьэ икIи щIэпхъуэжьын папщIэ щыIэ Iэмалхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Нэхъ икIэ кьихуамэ, дызыхуэкIуэ накъыгъэм фIэмыкIыу абы и къулыкъур фIэкIуэдынущ.

- Ар хэт тезыхуфынур?

- НэгъуэщIхэр кьыкъуэмыкIмэ, зи гугъу сщIа неонацистхэри яхурикъунущ. Абыхэм къару нэхъыщхьэу яIэщ «конституцэ хабзэхэм тету властыр зэзыхъуэкI» гуп щхьэхуэ. Абы хэти кьищтэу тахътэм тригъэтIысхьэфынущ, ауэ хэт къулыкъу нэхъыщхьэм ямыгъэувми, сызэригугъэмкIэ, куэдрэ трагъэтынукъым.

- Зауэр зэрыщэпагъэуам кьикIыр къарухэр зэщIэгъэуIуэжыныр арауэ кьыщцыхьырэ?

- Зауэр нухащ жамыIэу, зэпагъэуауэ щIыжаIэр къарухэр зэрызэщIагъэуIуэр аращ. ЛъэныкъутIри арэзыкъым зэрызэзэуам кьрикIуаэхэмкIэ. Абы къыхэкIыу пIалъэкIэ ягъэува мамырыгъэри накъыгъэ мазэм нэсыху фIэкI щымыIэну къысщохьу.

ЧИНКОВЭ Еленэ.

Хьэрычэтыщ Iэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Тау Пщыкъан КъБР-м и Iэтащхьэм КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ жиIар:

- Мы дэфтэрым егъэбелджылы 2015 гъэм республикэм и экономикэ, социальнэ унэтIныгъэхэм ящыщу нэхъ зытегъэщIапхъэхэр. Аэр псори хуэгъэпсащ Урысей псом щыщIыIэ щытыкIэм, кризисым кьикIыным, хамэ къэрал къэрашхэр ди къэралым къыщыщIагъэкIэхэмрэ щагъэкIэмкIэ зэхъуэкIыным.

А Iуэхуэр зыхуей хуэзэу зэдгъэхъулIэфын папщIэ властым и къулыкъущIапIэ псори зэдгъэжьэн, зэгурыIуэн, яхь жэуапIныгъэр зыхащIэн, Iуэхум кьыпэкIуапхъэ хъерыр зыIэрагъэхьэфын хуейщ.

Зэманым кьытхуигъэувэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэу КъБР-м и Iэтащхьэм дыкъыхуриджащ республикэр иужь кьинэжэм хамыбжэн щхьэкIэ къуэлъ къару псори кьызэщIагъэуIуэн зэрыхуейм. Экономикэ и лъэныкъутIкIэ нэхъыщхьэхэр къыгъэлъэгъуащ, ар инвестицэ зэдалэжьэныгъэр зыхуей хуэзэу зэтеублэнырщ, производствэхэр егъэжьэныкIэ федеральнэ программэхэр къэгъэсэбэпынырщ, мэкъумэш Iэнатlэм зегъэужьынырщ, зыгъэпсэхуплэхэр нэхъыфIхэм хабжэу кьызэгъэпэщынырщ, кьуажэхэм зегъэузэщIынырщ. Сэ къызолъытэ мэкъумэш Iэнатlэм ехьэлIа зыхьрычэтыщIэ Iуэхуэр ублэным пыщIа гугъуехьхэр гъэмэщIэн хуейуэ, щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ къуажэдэсхэм ядэIэпыкъупхъэу. Абы къыпэкIэнущ цIыхуэхэр Iэнатlэкl э къызэгъэпэщынри, жьлэдэсхэм псэукIэм ехьэлIауэ яIэ щыщIэныгъэхэр гъэзэкIуэжынри.

Зэрызыхуагъазэм къыщыхьащ хьэрычэтыщIэ Iуэху зехьэныр цIыхуэм нэхъ тынш ящыщIынымкIэ Iэмалхэри - налогыр ящхьэщыхьыныр, егъэлеяуэ зэрыкIэлъыплъыр гъэмэщIэнэр, хамэ къэрал къэрашхэр ди къэрал къыщыщIагъэкIэхэмкIэ зэхъуэкIыным зи гуащIэ хэзыльхьэхэм хуэгъэкIуэта яIэныр.

Зэрызыхуагъазэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэху псори зэхьэлIар республикэм и зыужьныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ къызэгъэпэщынырщ.

● Экономистым и псалъэ

Республикэм и зыужьныгъэм треухуэ

● Узыншагъэ

Пыхусыхум зэрыпэщIэтын Iэмалхэм топсэлъыхь

СПИД-мрэ узыфэ зэрыщIалэхэмкIэ республикэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, профессор Иуан Маринэ мазаем и 17-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцыр пыхусыхум зэрызиубгъэм, абы зэрыпэщIэтыпхъэ Iэмалхэм теухуауэ щытащ.

АБы къызэрыхигъэщамкIэ, пыхусыхур нэхъыбэу илъэсищым нэмыса сабийхэм, илъэс 60-м щыбэдэхэхэм, фошыгъу уз, гу уз, лылей зыгетлъэм кьатохьэлъэ.

- Псом япэрауэ, сымаджэ ухъуауэ гурыщхьэу зэрыпщIу, Iэпхъалъэпкъым зебгъэгъэпсэхун, цIыхум уахэмы-хьэу, унэм ущIэсын хуейщ, - жеIэ дохутырым. - Сэ сыщылажьэ кьудамэм уз зэрыщIалэ ефыкIыу (пыхусыхри хэту) цIыху 30 щыIэщ. Ауэ иужьрей тхьэмахуэм ди сымаджэхэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Гриппымрэ ОРВИ-мрэ зэрызэщхьэщыкIым и гугъу щищIым, Иуаным жиIащ гриппыр нэхъ зэрыгъэхьужыгъуейр, абы нэгъуэщI узэкIри къызэригъэхьейр.

Иуаныр топсэлъыхьащ плъыржьэрым (температурэм), хущхъуэ къудей мыхъуу, ди анэшхуэхэр абы зэрыпэщIэту щыта Iэмалхэр къэбгъэсэбэпынри зэрыфIэигъэуэр.

- Пыхусыхум и процент 70-80-м я IэмалхэмкIэ уапэлъэщынущ. Псом нэхъыщхьэращи, узыфэр къыпкърыхьэу гурыщхьэу зэрыпщIу, псы, шей, компот хуабэ нэхъыбэ уефэу унэм ущIэсынырщ нэхъ хущхъуэфIэу. Махуэ-махуитIкIэ нэхъыфI укъэмыхъымэ, дохутырым зыхузбгъэзэн хуейщ, узыр хэмыужьныхь щыкIэ. Уз гъэтIылъа зиIэ цIыхухэм пыхусыхур кьаззэрыпкърыхьэу икIэщIыпIэкIэ дохутырым зыхуагъэзэн хуейщ, - жеIэ Иуан Маринэ.

Сабийхэм я адэ-анэм яхуэгъэзащэ абы жиIащ ар сымаджэ хъуауэ гурыщхьэу зэращIу сабий садым ящынкIэ Iэмал зэримыIэр. Сыхьэт 24-м кьуриубыдэу сабийр нэхъыфI мыхъумэ, шхэн-ефэн имыдэмэ, Iэмал имыIэу дохутырым деж нэгъэсын хуейщ.

Пыхусыхур зумыгъэкIуа-лIэу уэзрыпэщIэт хъуну Iэмалхэм ящыщу Иуаным къыхигъащащ пщэдджыжьым унэм укъыщIэмыкI щыкIэ Iэмал имыIэу ушхэн зэрыхуейр, уи пэ кIуэцIым аксолинов мазь щыпхуэн, хуабэу зыпхуэпэн, пхъащхьэмыщхьэ куэду пшхын зэрыхуейр, нэгъуэщIхэри.

Профессорым гу зылъытапхъэу къигъэлъэгъуащ куэдрэ зэса римантадин хущхъуэм иджырей пыхусыху лIэужьыгъуэр зэрыхуэмыгъэхьужыр.

Гриппым зэрызыщыпхъымэфыну Iэмалхэм ящыщщ а узыфэр кьежьэным зы мазэ и пэкIэ абы зэрыпэщIэт хущхъуэ зыхеф-гъэлъхьэныр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Ухуэныгъэ

Унэм йолэжь

Iэдииху жылагъуэм фэтэр куэду зэтет унэ №150-м иращIылIэ лэжьыгъэшхуэр мы гъэм и мазаем зэфIагъэкIыну я мурадщ.

КъЭУЭНКIЭ шынагъуэ мы унэм ухуакIуэкэр 2013 гъэм евэлIауэ нобэр кьыздэсым йолэжь. Прораб Чэрим Виталий щыгъуазэ дыззэрищIымкIэ, шынагъэ нэхъыбэ здэщыIэ унэ лъабжьэ кьэтIэсхъар гъэбыдэным мы зэманым ирихьэлIэу бетон тонн 270-рэ ихьащ. Апхуэдэу блынкэр зыIыгъыну гъущ щIэгъэкуэнхэми ятекIуэда гъущIыр тонни 100-м нобла-гъэ. А лэжьыгъэхэм къадэкIуэу пэш кьэс пластик щхьэгъубжэхэр хагъэуващ, «минеральнэ бжьэхуц» жыхуаIэмкIэ блынкэр кьрашхэкIри, гъущI сайдингхэр кIэрэлъхьэжащ, ток кIэлапсэхэр, псы кьабзэм, кьагъэсэбэпам я бжьамийхэр щIэкIэ зэрахъэкIащ. Фэтэр 60 хъу унэр кьэгъэщIэрэщIэжьым псори зэхэту сом мелуан 87-рэ текIуэдэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэпкъ Iущыгъэ:

Гурыщхъуэ нэрыщхъуэ ухуеШэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхуэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мазаем и 6-м *Налшык къалэ* *№16-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ системэм и IуэхукIэ» 2010 гъэм мазаем и 25-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №14-РЗ-м и 22-нэ, 23-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ къэрал системэ зэгуэт щызэтегъэувэн икIи абы хуэунэтIа лэжьыгъэ щегъэкIуэкIын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж къыщызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал IуэхущIапIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын мы унафэмкIэ къащта документхэм къагъэувхэр къэлъытауэ хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдай муниципальнэ комиссэхэм ятеухуа положенэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну.

4. Къару ямыIэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

«Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ведомствэхэм зэдай и комиссэм и IуэхукIэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м №153-ПП-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа унафэ №153-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м №166-ПП-м щIэту къащтам;

«Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ведомствэхэм зэдай и комиссэм теухуа Положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м къищта унафэ №168-ПП-м къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м №309-ПП-м щIэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 5-м къыдигъэкIа Унафэ №16-ПП-мкIэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ ведомствэхэм зэдайуэ щыIэ комиссэм хэтхэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(Ведомствэхэм зэдай комиссэм и тхьэмадэщ)*

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(Ведомствэхэм зэдай комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрыр *(Ведомствэхэм зэдай комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Апажэ А. Къ. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэр

Байсиев Т. М. - «Кавказ щIалэгъуалэм я лигэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Бгъэжьнокъуэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Гелястановэ А. А. - Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къудамэм и инспектор нэхъыжьыр *(Ведомствэхэм зэдай комиссэм жэуап зыхь и секретарыр, зэгурыIуауэ)*

Дзасэжь Хь. У. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэ» централизованнэ дин зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Зумакулов Б. М. - ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кладько И. Е. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Мэкъуауэ Т. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Мэржэхъу М. Хь. - Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Iугъуз С. А. - сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Рахаев А. И. - «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Сокъур О. Хь. - Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ Урысей Федерацэм и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Тхьэгъэлэдж Т. Л. - «Афганистаным щекIуэкIа зауэм, щIыпIэ щхьэхуэхэм щыIа зауэхэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Усов О. Л. - Урысей Федерацэм шынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ В. Хь. - Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаев К. Хь.-М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Шагин С. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

Шевченкэ Ю. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмрэ хабзэр хъумэнымрэ я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

● ДифI догъэлъапIэ

Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Лосэн Тимур нобэр къыздэсым цIыхухэм къызэращIэу щытар пшынауэ Iэзэущ. Иджыри къэс къикIуа творческэ гъуэгуанэм дидзыхауэ, адыгэ макъамэ гъуазджэм абы гъуэгущIэ щыпхреш. И Iуэхур къызэрекIуэкIам, адэкIэ и мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну Тимур зыхуэдгъэзащ.

Лосэн Тимур

- Тимур, къызэрыщIэкIамкIэ, уэ икIи ууэрэдусщ, икIи макъамэтх Iэзэщ...

- Пшынэм пшыналъэ гуэр къибгъэкIыуи щрет, псалъэ гуэр къыпхуэкIуауэ зэбгъэзахуэуи ирехъу, гупсысэ гуэр уи щхьэм къиджэрэзауэ зэрыпIуэтэну щIыкIэм уэзрихьэуи къыхрекI, ахэр гъуэрыгъуэурэ Тхьэм уи гум, уи щхьэм кърелъхьэ. Тхьэм иухати, пшынэ еуэныр си гум япэ щIыкIэ кърилъхьащ, итIанэ макъамэ, пшыналъэ гуэрхэм си гур хузэIуихащ, иужькIэ псалъэри къакIуэу хуежьащ. Ныбжьыр щыкIуэкIэ, хуэмурэ зыбужьурэ, уи зэфIэкIым хэхъуэурэ йокIуэкI. «ЛIыпIэ уоувэ» жыхуиIэрати, пшыналъэм теухуауэ зы лIыпIэ гуэр диувауэ къыщIэкIынущ. Пшынэ еуэнри, макъамэ тхынри, уэрэд усынри зэуIу щыхъум, утыку дихьащ.

- Апхуэдэурэ кIуэмэ, Лосэн Тимур уэрэджыIакIуэщ, жаIэу зэхэтхыну къыщIэкIынщ.

- Пэжым ухуеймэ, еджапIэм сыщыщIэтIысхьэм уэрэджыIакIуэ IэщIагъэрат къыхэсхар, апхуэдизкIэ уэрэдыр сфIэфIти. ИужькIэ пшынэр нэхъ текIуащ. Ауэ си гъащIэм щыщу илъэс 27 - 28-р уэрэдым пыщIауэ есхьэкIащ.

Пшынауэхэри зэщхьэщедз: зым и IэщIагъэм нэгъуэщIхэр хуегъасэ, адрейр къэфакIуэхэм ядолажьэ, уэрэдымрэ къафэмрэ зэзыпх пшынауи щыIэщ. Сэ сызыхиубыдэр а ещанэ лIэужьыгъуэрщ. Адыгэ пшынэр уэрэдым дэщIызгъуным хуабжьу селIэлIащ. Си япэ итахэм ящыщу уэрэдыр пшынэм Iэзэу езыгъэкIуфауэ зи цIэ къисIуэнур Лъэцэрыкъуэ Кимщ. Апхуэдэу илъэс бжыгъэкIэ си пшыналъэр уэрэдхэм дэщIыгъуу къекIуэкIащ. Апхуэдиз илъэскIэ абы ущыхэткIэ, уэрэдым ущыдежьуи къэхъунтэкъэ?! Абыи сеплъащи, Тхьэм жиIэмэ, ари къызэхъулIэну согугъэ.

- Нэхущ Чэримрэ уэрэ илъэс куэдкIэ утыку фызэдитащ. Куэд щIоупщIэ фи гъуэгур щIызэхэкIам и щхьэусыгъуэм.

- Жыжьэ дыкъыщежьа щхьэкIэ, мы узыщIэупщIэм дыкъемыкIуэлIэну Iэмал иIэтэкъым. Илъэс 25-рэ и пэкIэ, дыщIалэ цIынэу, утыку дыкъихьащ. ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къуажэм дыкъыдэкIри, Чэримрэ Тимуррэ жаIэу, утыкум илъэс 25-кIэ дызэдитащ. Лэжьыгъэ хъарзыни зэдетхьэкIащ. Ауэ гъащIэр адэкIэ макIуэ, нэхъыжь ущыхъукIи, гупсысэ куэд уи щхьэм зэригъэзахуэу, нэхъыбэжым ущIэхъуэпсу уохъури, абыхэм уакIэлъыпхъэру ухуожьэ. Пшынауэми езым и пшыналъэ зэхилъхьэн хуейуэ щытыкIэ гуэр йохуэ. Ар проект пщIыну, утыку ипхьэну ущIэхъуэпсу ухуожьэ. Сэ апхуэдэ зыгуэрхэр си гум илъмэ, си ныбжьэгъуу сызыдэлэжьам и мурадхэр щынэгъуэщIкIэ, Iэмал имыIэу гъуэгуанэ зырыз адэкIэ утеувэн хуей мэхъу.

- Пшынэмрэ уэрэ фызэрызэрыгъуэтам утезгъэпсэлъыхьынут.

- Уэлей, си шынэхъыщIэ, а Iуэхум уэри фIы дыдэу хыбощIыкIмэ. СыщIалэжь цIыкIуу топ къехуэкIыныр япэ щизгъэщым, ар къысфIэIуэхуакъым. ИужькIэ, тIэкIу сыкъыдэкIуэтейуэ зыгуэрхэр зэзгъэзахуэ щыхъум, си анэшхуэр, си адэм и анэр, пшынауэ Iэзэу зэрыщытар къызжаIащ. Мис абдеж псори къыщежьащ.

«ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуаIэращи, ахьей, абы и лъым щыщ сэри сщIэт. Насып сиIэти, си нанэр пшынэ зэреуэр слъагъуну къысхуихуащ. Зы махуэ гуэрым си анэшхуэм сигъэтIысри къызжиIащ: «Тимур, уэ пшынауэ ухъункIи хъунщ, ауэ бжесIэнухэр зыхуымылъхьэмэ, адэкIэ укIуэфынукъым». Япэ дыдэ пшынэм Iэпэр зэрытеплъхьэнур си нанэм сигъэлъэгъуащ. ИтIанэ адыгэ пшынауэм хэлъын хуей хьэл-щэныр зыхуэдэм сригъэдэIуащ. Езы нанэ сыт и лъэныкъуэкIи адыгэ бзылъхугъэ щэныфIэм и щапхъэт. Ди нанэр пшынэ щеуэкIэ и напщIэми зимыIэту, и Iэпэм фIэкIа и IэпкълъэпкъриI мыхъейуэ апхуэдэт. Ди нанэ сигъэлъэгъуа пшынэ еуэкIэмрэ пшынауэ щэнымрэ сытемыкIарэт жысIэу куэдрэ сигу къокI.

Нанэ сигъэлъэгъуат пасэрей адыгэ пшынэ еуэкIэр икIи сызригъэдэIуа къафэхэм ящыщ зым «Нанэ и къафэ» жиIэу фIэсщыжри стхыжащ.

- Езы пшынэр сыт уэркIэ зищIысыр? Пшынэм зы мыхьэнэ гуэр иIэу пIэрэ адыгэ щIалэгъуалэм я гупсысэр къызэщIэгъэушэнымкIэ?

- Уемыплъ нобэ тIыгъ пшынэм. Адыгэ пшынэм лIэщIыгъуэ куэд къызэринэкIащ икIи лIэужьыгъуэ куэдым иуващ. Илъэсищэ и пэкIэ пшынэр тIэкIу нэгъуэщIу щытауэ къыщIэкIынущ, нобэр къыздэсым ар зихъуэжурэ къогъуэгурыкIуэ. «Сыадыгэщ» жызыIэ цIыхум дежкIэ адыгэ пшынэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Пшынэм ущытепсэлъыхькIэ, ди лъэпкъыр куэдым къыхэзыгъэщ джэгу щэнхабзэр уи нэгу къыщIегъэувэ. Абы къещIэкIащ хъуэхъуэжьри, къафэри, щIалэгъуалэ гушыIэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди.

Джэгум деж къыщекIуэкIыу къысфIощI зы щхьэл гуэр. А щхьэлым щIэкIа щIалэр абы адэкIэ гъуэгу захуэм тетынущ. Джэгум псэ хэзылъхьэр пшынэращ. «Уэрэдым и ежьур щIопщщ» зэрыжаIэм ещхьу, джэгум и щIопщыр пшынэращ, жысIэнщ. Адыгэ пшынэ едаIуэ цIыхум и гум фIыщ илъынур.

- «Къэфэнрэ уджынрэ нэхъ зыхуэфI щIалэгъуалэр щыIэжкъым», - жызыIэ нэхъыжьхэм уахуозэ...

- Захуэщ. Ар а нэхъыжьым щIыжиIам егупсысыпхъэщ. «Хабзэр Iэтэу къэсри, Iэмбатэу зэхахыж», - жаIэрт ди нэхъыжьхэм. Егупсысыт, Iэтэущ къызэрысыр... Куэду зэхэлъу, щIызэхэлъым щхьэусыгъуэшхуэ иIэу. Псори и пIэ иту, псоми чэзу иIэу. Iэмбатэр езыр нэрынэ-нэрынэу мис а хабзэр зэрызэхэлъырати, и зэкIэлъыгъэкIуэкIэ мыукъуэу зэрыщытыныр къиIуатэу аращ. Къафэми уджми чэзу яIэщ. Псори зытеухуар мардэращ, зэпэшачэращ. Адыгэм егъэлеяр фIэфIу зэрыщымытар мо нэхъыжьхэм къыдаIуэкIыу арщ. ДэзмыIыгъынкIэ Iэмал иIэкъым.

- Пшынэм уи губампIэ щыдихакъэхъуа, Тимур?

- Мыдрейхэм жаIэ псом емыщхьу сэ зыгуэр бжесIэнщ. Сэ пшынэр зэи губампIэдэх схуэхъуакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ си еплъыкIэр аращи, пшынэм уи губампIэр дихын хуейкъым. Пшынэр псэлъэнуращ, бзэрэбзэнуращ. Абы жиIэр зэхэпхрэ уи гум зэрыпэджэжым елъытауэ е уигъэгъынщ, е уигъэгуфIэнщ.

Ауэ... Илъэсищэрэ щэныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, ди лъэпкъкIэ гукъеуэшхуэ диIащ, гуауэшхуэ и щхьэ крикIуащ. Нэпс куэди адыгэм щIигъэкIащ, гукъеуэ куэди игъэващ, а псом ищIыIужкIэ нэхъыбэм хэкур ябгынэри, хэхэсу дуней псом щызэбгрыдза хъуащ.

И губампIэр игъэтIысыну хэхэсым пшынэм фIэкIа тегъэщIапIэ имыIэжу куэдрэ къыхуихуащ.. «Си пшыналъэр къыфхузогъанэ, сигу къеуэу си хэкур собгынэ» жиIэу кхъухьым итIысхьэу хамэщI кIуа Чэбэхъан пшынэр губампIэдэх ищIакъэ, жыпIэмэ, ищIащ. Хьэмэрэ хэкужь хуэлIэу лIэжа, зи пшынэми а хэкужь имыIэр езыгъэгъея Умар Хьэбидэт дауэ зэрыпщыгъупщэнур? Я цIэ къизмыIуэми, мащIэкъым пшынэр зыгъэгъар, абыкIэ зи гущхьэ бампIэр зыгъэтIыса тхьэмыщкIэхэр. ЦIыхум и гъащIэм къыхохуэ, и гу бампIэр зэригъэтIысын Iэмал лъыхъуэу. Мыбдеж пшынэри псэхэлъхьэж зэрыхъуам шэч хэлъкъым....

Нобэ тIэкIу зыкъэтщIэжми, ди щхьэр къэтIэтыж хуэдэу дыхъуами, ди Iуэхум иджыри мыхъумыщIэу зыкъом хэлъми, гугъэм зыкъиIэтащ. Тхьэм и шыкуркIэ, адыгэр дызэрыщIэ, дызэлъэIэс хъуащ. Иджы пшынэм губампIэдэхыу языныкъуэхэм деж деплъыркъым. Мы иужьрей илъэсхэм ар хуэмурэ къэдгъэпсэлъэжащ. ИпэкIэ гъыуэ щытами, къыпыдгъэгуфIыкIыфащ, иджы гур хэзыгъахъуэ пшыналъэхэрщ абы къикIын хуейр. Сыту ирехъуи, пшынэм ищIэнур зы фIы гуэру къыщIэкIынщ.

- Тимур, уи усыгъэмрэ макъамэмрэ зэхэзыхахэм гъэщIэгъуэну зыгуэрым гу лъатэ. Уи уэрэдхэм хэт псалъэхэр «тIорысэу», макъамэхэми ущедаIуэкIэ, пасэрей пшыналъэжьхэр бгъэджэгу хуэдэу, къэбгъэщIэрэщIэжу къыпфIощI. Мыр щэху зыхэлъ Iуэху гуэру пIэрэ хьэмэрэ уи зэчийм къигъэпкI гуэр?

- Дауи, къизгъэкI пшыналъэхэм уащыщIэдэIукIэ, пасэрей еуэкIэр къыумыцIыхункIэ Iэмал имыIэу и лъабжьэм щIэтщ. Пасэрей пшынэ еуэкIэр фIыуэ къэзубыда нэужьщ, сэ иджырей еуэкIэхэм щыгъуазэ сащыхуэхъужар.

Псалъэхэм теухуауэ жысIэмэ, сэри уэри дезыгъэджар Жылау Нурбийщ. Мыр лIы щэджащэу диIащ адыгэм. Нэгъэсауэ егъэджакIуэт. Куэдым дригъэдэIуащ, дыщигъэгъуэзащ. Псалъэм папщIэ, хьэщIэщ уэршэрыкIэм, лIыжь хъыбар IуэтэкIэм, нэхъыжь зэхэсыкIэм, адыгэ зэхущытыкIэм, зэпсэлъэкIэ хабзэхэм ехьэлIауэ абы къыдбгъэдилъхьам, хъыбару къытхуиIуэтам щIэи гъуни иIэкъым. Абы къызигъэщIар балигъ гъащIэм лъабжьэ быдэ щысхуэхъуащ. Пшыналъэхэр щыстхми, къызыхэсхын сиIэу срихьэлIащ. ФIыщIэр зейр Нурбийуэ къызолъытэ, адыгэбзэм и лъахэм дизышар арац.

- Уи уэрэдхэр зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу богъэпс, Тимур. А уэрэдыр щыбускIэ, сыт нэхъ узыгъэпIейтейр, нэхъ зытебгъащIэр?

- Псэращ псори зэлъытыжар. УзыгъэпIейтейр умыщIэу, уи псэр зыгуэрым зэрихуэу хуожьэ. Абы щыгъуэм жьэгум деж сотIыс, пшынэр, хьэзырыххэщи, къызощтэри, а къэпIэжьажьэр къизгъэкIыу сыхуожьэ. Тхьэм къызитар къыIызох, жысIэнщ *(погуфIыкI)*. Абы къуитар пшынэ Iэпэм тыболъхьэ, итIанэ нотэм тептхэнущ. НотэкIэ занщIэу зэхуэбгъэкIуэну иужь уихьэмэ, нэхъ гугъущ.

- Уи гур пIэжьажьэрэ уи Iэпэр щымыдаIуэ къыхэкIрэ?

- Я нэхъыбапIэм апхуэдэщ *(погуфIыкI)*. Гу зэрылъыстамкIэ, зэрыщытыр пщIэрэ? Зыгуэрым ущигъэгузавэм деж, уи гур сыт хуэдизу мыпIэжьажьами, пшынэ Iэпэм зыри къыпхуигъэкIынукъым. Уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу, узэхурикъужу, нэгъуэщI гупсысэ уимыIэу уэр-уэру укъыщынэм дежщ къыщызэрыIэтыр псори. Апхуэдэу гупсэгъэIэсэу сэ сиIэр жэщырщ.

- Уэрэдыр сыт хуэдизу гурыхьу умыусми, сыт хуэдэу дахэу макъамэр зэхыумыгъэувэми, ар цIыхум деж нэзыхьэсын уиIэн хуейщ. А IуэхумкIэ лъэныкъуитIри фызэхуэарэзыуэ зыгуэрым удэлажьэу къыщIэкIынщ.

- Пшыналъэ ехьэлIамэ, сэ езым утыкум къисхьэжынущ, абы хуэныкъуэу къысщыхъу макъамэ IэмэпсымэхэрI къесшэлIэжурэ сызэрыхуейм хуэдэуи сщIынущ.

Ауэ уэрэдмэ, сфIэгъэщIэгъуэнщ дэтхэнэ адыгэ уэрэджыIакIуэми сыдэлэжьэну. Макъыр абыхэм Тхьэшхуэм къаритащ, сэ мы пшынэ Iэпэр къызэрызитам хуэдэу. УэрэджыIакIуэ къэс зыр зым къыщхьэщызыгъэкI зэчий ябгъэдэлъыжщ. Зы хэубыдыкIауэ мыхъуу, нэхъыбэм садэлажьэмэ нэхъ къызощтэ. Абы теухуауэ ди уэрэджыIакIуэхэм яхэту къыщIэкIынкъым зызыхуэзгъэзауэ сыкъэзыгъэщIэхъуа. Иджыблагъэ ди лэжьыгъэ кIапэ гуэр дунейм къытехьащи, абыи къигъэлъэгъуащ ар.

- Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, цIыхухэр щIоупщIэ ТхьэкIумащIэ Аслъэнрэ Хьэкъул Оксанэрэ ягъэзащIэ уэрэдхэм. Мы уэрэдитIыр къытрагъэзэжурэ едаIуэу куэдрэ зэхэпхынущ...

- «Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым», - жиIащ пасэрейм. Хъуапсэр дэтхэнэ зыми хэлъмэ, дапщэщми зэ къехъулIэнущ и хъуэпсапIэр. Уэрэдыр щхьэ ТхьэкIумащIэ Аслъэн жебгъэIэн хуей хъуа жыпIэмэ, ар езыр къарууфшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхущ. Ар сэ занщIэу зыхэсщIащ икIи сызэрыщымыуари иужькIэ си фIэщ хъужащ. Езы Аслъэн къыгурыIуэжу си гугъэкъым а уэрэдым хилъхьар зыхуэдизыр икIи ар абы къызэрехъулIар. ДяпэкIи апхуэдэу лажьэу Iуэхур игъэкIуатэмэ, адыгэ макъамэ гъуазджэм и дунейм куэдрэ хэтыну щIалэщ Аслъэн.

«Абедэ и фIыгъуэ» жыхуиIэ уэрэдым теухуауэ жыпIэмэ, .Чэбэхъан-пшынауэм иужькIэ Абедэщ (Хьэбидэтщ) сэркIэ щапхъэр. Чэбэхъан и цIэр IуэрыIуэтэжу зэхэсхыжауэ аращ, ауэ Хьэбидэт къэсцIыхуащ. Хьэбидэт жиIэну зыхуеяр уэрэдымкIэ езыр къыдэпсалъэ хуэдэущ зэрыстхар. «Сэ мыбы нэсщ схуэхьар, адэкIэ фэ къыпыфщэ», - жиIэу къысщохъу абы и гъащIэм сыщыпхрыплъкIэ. Хьэбидэт дыщэ пхъуантэ ирокъу, илъэсищэм крииубыдэу апхуэдэ цIыху зэ къалъхуми арaщ. Ди насыпщ адыгэм апхуэдэ цIыху къызэрытхэкIар. Сэ хуэсщIэжыфынурати, си гуапэу уэрэд хуэзгъэпсри, цIыхум и пащхьэ ислъхьащ абы и цIэр. Гум и къуэпсым нэсыфыну къысщыхъуар Хьэкъул Оксанэщ. Уэрыд зыгъэзэщIэнур къыщыхэсхми куэдрэ сегупсысакъым, занщIэу зыхуэзгъэфэщар Оксанэщ. Хьэбидэт и щIалэгъуэмрэ Оксанэ и щытыкIэмрэ зэ плъэгъуэкIэ зэтохуэ. Мор пшынауэ Iэзэу, мыдрейр уэрэджыIакIуэ Iэзэу щытми. Си гугъэщ уэрэдым гъащIэ иIэну...

- Уи уэрэдхэм я гъэпсыкIэр зыми ещхькъым. Сыт абы лъабжьэ хуэхъур?

- Хэкур зрагъэбгына адыгэхэм дахэдахэу уэрэд ясусыжакъым. Абыхэм здрахар жаIащ, я къафэхэм еуэжащ. Илъэсищэрэ щэныкъуэкIэ яхъума уэрэдыжьхэр щыIэщ, псом хуэмыдэу Узун-Йайла щахъумащ. Къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ я тхыдэр ящIэжу апхуэдэщ. Уэ ущыIащ абы, щыплъэгъуащ, щызэхэпхащ. Хэкум исхэри къэбэдзэуэжу хуежьащ. УэрэдыжьхэмкIэ хуеплъэкI, абы и IэфIыр зэщIашэ хъуащ. Езыхэм уэрэдхэр ясусыжу хуежьащ.

Ауэ сигу иримыхь щыIэщ. «Сэ сынопльри, уэри укъызэплъыжри дигу зрихьат» жыхуиIэхэм хуэдэхэр сэ къасщтэркъым. Ауэ апхуэдэхэр уигу иримыхькIэ зэфIэкIыркъым. Ар щумыдэкIэ, блэкIа, иджырей адыгэ пшыналъэ и щIэбзэу, пщэдейм и щапхъэу къэгъэщI, утыкум пхуэщIэр щыщIэ. ПхуэзфIэкIынумэ... Апхуэдэущ сызэрегупсысар. Сэ нобэрей адыгэ эстрадэр зэрыслъагъур къэзгъэнэхуащ.

- Уи цIэм епхауэ йокIуэкI пшынауэ пшыхьхэр, Тимур...

- ЯпэщIыкIэ «пшынауэ удж» фIэсщри, апхуэдэу илъэс зыбжанэкIэ екIуэкIащ. ИтIанэ «пшынауэ пшыхь» хъуащ. Апхуэдэу а концерт зэIущIэр Думэн Мурадинрэ сэрэ зэгъусэу къызэдгъэпэщащ. Думэн Мурадинт къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэр, сэ сридэIэпыкъуэгъуэт. «Пшынауэ уджым» и щытыкIэм ещхьу, «пшынауэ джэгу» езгъэжьащ иужькIэ. Мы «пшынауэ джэгур» «пшынауэ шоум» хуэзгъэкIуэну мурадхэр сиIэщ, гупсысэ гуэрхэр нобэкIэ зопцI. Тхьэм жиIэмэ, утыкуми ихьэнщ. ДызыхуэкIуэ бжыыхьэм дгъэлъэгъуэну согупсыс.

- Тимур, ищхьэкIэ къыхэбгъэщащ уэрэджыIакIуэхэм ядебгъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ уи гуащIэдэкI иджыблагъэ дунейм къызэрытехьар. Зи гугъу пщIыр Тыркум къыщыдэкIа уи альбомитIыр арагъэнщ. Ар щхьэ хамэщIым дунейм къыщытехьа?

- Дуней псом щызэбгрыдза хъуа ди лъэпкъэгъухэм я нэхъыбэр здэщыIэр Тырку щIыналъэрщ. Дызыщыгъуазэ тхыдэ Iуэхухэм адыгэр хэхэсрэ хэкурысу зэкъуачащ. Абы лъэныкъуитIыр «ментальность» жыхуаIэ лъэпкъ гупсысэкIэмкIэ зэщхьэщичащ. Зы пшыналъэ ищIэн хуэдизкIэ мыбы исымрэ хамэщI щыIэмрэ зэспхыну сыхуеящ а альбомхэмкIэ. ХуэIэтын хуэдизкIэ пшыналъэмрэ уэрэдымрэ къатехуэрщ жыхуэсIэр. Адыгэхэр зэпызыщIэ лъэмыж хъуну сыщыгугъащ абы. Альбомхэр Тыркум, дунейр щызэблэкI Истамбыл, къыщыдэкIыным щхьэусыгъуэ хуэхъуари арaщ.

- АльбомитIри зиIэхэм сурэт зытрагъэхыурэ интернетым къызэрырагъэувэм къегъэлъагъуэ абы щIэупщIэ зэриIэр...

- Ар иреныбжьыщIэ, иренэхъыжь, Тыркум и тыкуэнхэм адыгэ макъамэрэ уэрэдрэ зытет диск къызэрыщащэхуар ягъэлъагъуэжу Интернетым сурэткIэ къыщрагъэувэжкIэ, къызэрызгурыIуэр абыкIэ си гуапэ ящIыну хэт къудейуэ аракъым, атIэ зэрылъэпкъыр, хэку зэраIэр адрейхэми нэрылъагъу щащIуращ. Ар зы Iэмалщ я адыгагъэр нэхъ лейуэ къыхагъэщынымкIэ. Мыбы и IуэхукIэ а зи гугъу сщIа лъэмыжыр зекIуапIэ хъуа хуэдэу соплъ...

- Тимур, мы махуэхэм концертышхуэ уогъэхьэзыр. И щэху псори къытхузэкъуумыхми, и зы кIапэ гуэр къытхукъуэбгъэщыфын?

- Альбомыр щызгъэхьэзырым абы дэлэжьа, гугъу зыдезыгъэхьа уэрэджыIакIуэхэр псори си гъусэу утыку къыздихьэжынущ. Ар зыуэ. ЕтIуанэрауэ, адрей концертхэм я егъэкIуэкIыкIэм тIэкIу зыгуэркIэ дакъыщхьэщыкIыну дыхуейуэ етхьэжьа презентацэм джэгу гъэпсыкIэ иIэнущ е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, театр теплъэ еттынущ. Абы и режиссёрыр гупсысэ, еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр зиIэ Емкъуж Анзорщ, нобэм дыкъыздэсам ищIамкIэ цIыхум ягу дыдыхьэн къысфIощI. Езы концертыр зэпыу хэмыту, зы бауэгъуэкIэ и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху етхьэкIыну догугъэ. Ещанэрауэ, езыгъэкIуэкIынухэри диIэнущ. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа лъэмыжым мыр хуэсхьынщи, ахэр зыр хамэщI къыщыхъуауэ адыгэ щIалэщ, адрейр хэкурысу зы бзылъхугъэ цIыкIущ. Пасэрей хабзэжьу щытауэ иджыри зы гъэщIэгъун утыкум къитхьэну дыхуейщ, и макъамэр архивым къыхэтхыжауэ, езыри щIагъуэу ямыцIыхужу. Си гугъэщ абы концертыр игъэдэхэну.

Къытызогъэзэжри, езы концертыр джэгуу екIуэкIынущ. «Пшынауэ джэгу» жытIэкъэ. Зы адыгэ пщIантIэжь удэтым хуэдэу, псори абы и утыкум къыщекIуэкIым ещхьу дгъэпсынущ. Псори фыкъыдогъэблагъэ!

- Уигу илъым уи лъэкIэ унэсу, уузыншэу, уи лъэпкъ щIэбгъэгушхуэн гуащIэрэ зэфIэкIрэ куэду къыпкъуэкIыу Тхьэм уигъэпсэу, Тимур!

Епсэлъар **ТАБЫЩ Муратщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Мылъку

Къулейсызхэмрэ курыт хэхъуэ зиIэхэмрэ

Кризисым дызэрыпэщIэтыну мардэхэм, щIыдагъэм и уасэм, санкцэхэм къытпагъаплъэм «АиФ» газетым къыхутепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Аналитикэ центрым и унафэщIым и чэнджэщэгъу, ЭкономикэмкIэ Школ Нэхъыщхьэм и лъэпкъ-къэхутакIуэ университетым Дунейпсо экономикэмкIэ и департаментым и унафэщI Григорьев Леонид.

ЩIыдагъэмрэ санкцэхэмрэ

- Леонид, щIыдагъэ уасэр зэрыдэкIуеижым дыкъригъэлыну пIэрэ, 2009 гъэм хуэдэу?

- ЩIыдагъэм и уасэр псынщIэу йохуэх, ауэ ар зэфIэувэжыным зы илъэс токIуадэ. 2008 гъэм и шыщхьэуIум щIыдагъэ баррелым доллари 130-рэ и уасэу щытащ, жэпуэгъуэм ар 40-м нэсу ехуэхат. Абы щыгъуэм ОПЕК-м (щIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэ) и лIыкIуэхэр зэхыхьэри, 2008 гъэм и жэпуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм къыщIаш щIыдагъэм и бжыгъэр зы махуэм хуэзэу баррель мелуани 3-кIэ ягъэмэщIащ. Арати, гъэмахуэм уасэр хэхъуэн щIидзэжащ...

Иджыпсту илъэс ныкъуэм кърииубыдэу уасэр хуэдитIкIэ ехуэхащ. 2014 гъэм щIыдагъэу къагъэсэбэпащ зы махуэм баррель мелуан 92-рэ, къыщIашащ - 92,7-рэ. Мис а баррель мелуан 0,7-ращ уасэр ехуэхыныр къэзышар. 2008 гъэм зы махуэм къыщIашыр баррель мелуани 3-кIэ ягъэмэщIамэ, иджыпсту зы мелуан закъуэкIэ нэхъ мащIэ щIын хуейуэ арат. Дуней псом къигъэсэбэп щIыдагъэм тепщIыхьмэ, ар зы процент хъууэ араш.

- АтIэ сыт щIамыгъэмащIэр?

- Зыми и хэхъуэр нэхъ мащIэ ищIыну хуейкъыми. КъищынэмыщIауэ, языныкъуэ щIыпIэхэм, ди къэралри абы хэту, я щIыдагъэ къыщIэшыкIэр зэтехуэркъым - ар бгъэмащIэмэ, апхуэдэу тыншу пхузэтеублэжынукъым. Краныр тыншу зыгъэбыдэфынур, Iузыхыжыфынур хьэрып къэралиплIырщ. Ауэ ахэр тегушхуэркъым апхуэдэу «паупщIыну», сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIыдагъэр зэрыпудыр зи фейдэ къухьэпIэ къэралхэмрэ езыхэмрэ я зэхуаку къаугъэ къыдэхъуэну хуейкъым.

Дауэ мыхъуми, гъатхэпэм ирихьэлIэу политикэм дрихуеижынкIэ хъунущ щIыдагъэм и уасэр - ОПЕК-р иджыпсту гугъуехь куэдым хэтщ. Къэрал щыIэщ къигъэсэбэпыну ахъшэр зы баррелым доллари 100 хуэзэу щыщытам тращIыхьауэ - Нигерие, Индонезие. Дэ ди бюджетыр зытещIыхьар доллари 100-рщ, ОПЕК-м хыхьэ къэралхэм ику иту къапщтэмэ, доллар 80-м тращIыхьащ. Иджы доллар 60-ри уасэфIу къалъытэ.

Ауэ апхуэдэ уасэ пудыр иджыри зы илъэскIэ иIыгъмэ, куэдыр бэлыхь хидзэнущ.

- Куэд гугъу иригъэхьынущ, ауэ дэ псом нэхърэ нэхъ хьэлъэу зыхэтщIэнущ. Санкцэхэр нэхъ пхъашэ хъу зэпытщ...

- Дэ зэкIэ къытхуагъэува жыпхъэхэм изагъэу долажьэ. Ар нэхъри ткIий ящIыну щIыжаIэр Донбасс къыщекIуэкIахэрщ, украин армэр зэрызэтракъутарщ.

Дэ иджыпсту ахъшэ пудыр ди Iэрылъхьэкъым, нэхъапэм ещхьу. 2015 гъэм компаниехэри бэлыхь хэтынущ, инвестицэхэри тыншу къытIэрыхьэнукъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъ хьэлъэр финансым епха санкцэхэракъым, атIэ технологиехэр къызэрытIэрымыхьэжырщ. Дэ ахэр тхуэмыщIыну аракъым, ди Iэщэм нэхърэ нэхъ лъэщ дуней псом щытемыткIэ. Истребитель щытхуэщIкIэ, цIыхум къагъэсэбэпын технологиехэр щхьэ къыщIэдмыгъэкIрэ? Мис абы и лъэныкъуэкIэ санкцэхэр Iуахыжми Iуамыхыжми, технологие Iэмэпсымэхэр ди къэралым щащIхэмкIэ зэтхъуэкIын хуейщ.

Куэдрэ екIуэкIыну кризисыр?

- ЗэрыжаIэмкIэ, экономикэр ипэкIэ зэрыкIуэтэн къару бгъэдэлъыжкъым.

- Ар пэжкъым. Дэ хъумакIуэ цIыху мелуанрэ ныкъуэрэ диIэщ. Дыхьэшхэнщ ар: «Экономикэм и лъэр щIэкIащ!» Ауэ щыхъукIи, IуэхущIапIэхэм я щIыхьэпIэхэм деж зи къаруилъыгъуэ цIыхухъухэр тесщ, ящIэн ямыIэу. ЦIыхухэри хъугъуэфIыгъуэри ди куэдщ, ауэ абыхэм я къарур здэунэтIар къыпхуэщIэркъым. Ди мылъкури коттедж щIыным трагъэкIуадэ, гъуэгу трамылъхьэу е егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, экономикэм и фIагъыр егъэфIэкIуэным хамылъхьэу.

- Кризисым зэрыпэщIэтыну ягъэбелджылар гугъуехь псори ахъшэкIэ «зэракудэным» тещIыхьауэ жаIэ, абы щыгъуэми а мылъкур тэмэму къэзыгъэсэбэпын ямыIэу. А сом триллионрэ мелард 300-р зыри къыпэмыкIуэу мыкIуэдыну пIэрэ?

- Мы Iуэхур зэрызэфIахыну я гугъэ ахъшэм сытепсэлъыхьыркъым. Ауэ жыIэн хуейщ ар ахъшэ гъэтIылъам зэрыщыщынур икIи ар уасэхэр зэтраIыгъэным трагъэкIуэдэну зэрыарар.

- Дапщэщ хъуху екIуэкIыну кризисыр? Ягъэбелджыла Iуэхухэр ягъэзэщIэн щыщIадзэнур дапщэщ?

- Бюрократхэм зэрызагъэхъейрщ ар зэлъытар. Ауэ зи гугъу тщIы Iуэхухэр гъатхэм яублэн хуейщ.

Дапщэщ хъуху екIуэкIыну кризисыр? Экономистхэм я нэхъыбэм жаIэ зы илъэс абы ихьыну, итIанэ экономикэм зиужьу щIидзэжыну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ВВП-р 2015 гъэм проценти 3-кIэ ехуэхынущ, 2016 гъэм е зихъуэжынукъым, е мащIэ дыдэу зиIэтыжынущ. Дауэ дызэрылэжьэнур? ХьэрычэтыщIэ Iуэхум щытыкIэм елъытауэ зиужьын хуейщ. Унагъуэхэм зрагъэзэгъын хуейщ а щытыкIэм, лэжьапIэ зымыгъуэтхэри нэгъуэщI IэщIагъэм хуеджэжын хуей хъунухэри щыIэнущ.

Пэжщ, 2015 гъэм и япэ мазищым щегъэжьауэ куэд екIэкIуэнущ. Кхъухьлъатэхэм итIысхьэхэм я бжыгъэм хэщIынущ, гъущI гъуэгукIэ къэзыкIухьхэри нэхъ мащIэнущ, рестораным кIуэхэри куэд хъужынукъым. А гугъуехьхэр нэхъ зыхэзыщIэнур къулейсызхэракъым, атIэ курыт хэхъуэ зиIэ унагъуэхэраш.

Кризисым и пэкIи хуэмыщIауэ псэуар фIы гуэрым зэрыщымыгугъынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ нэхъапэкIэ апхуэдэ кризис зэрыдгъэунэхурэ куэд щIакъым, абы нэхъ бэшэч дищIауэ жыпIэ хъунущ.

ЧЕБОТАРЁВ Алексей.
«Аргументы и факты»

● Дэ къытхуатх

ДэжьейIэрысэмрэ адыгэхэмрэ

Тыркум и мэкъумэш IэнатIэм увыпIэшхуэ щеубыд дэжьейIэрысэ гъэкIыным. ЛIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ абы йолэжь Кавказым икIа адыгэхэр.

ШЭРДЖЭСХЭР щыпсэу къуажэхэр къахыбоцIыхукI ахэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкI нэщэнэхэмкIэ. Къабзэхэщ, зэлъыIухахэщ, хамэщIым щахъумэфа, хабзэ щхьэхуэхэм тет псэукIэ щыIэщ. Адыгэ къуажэр къызэрыпцIыху нэщэнэхэм ящыщщ дэжьейIэрысэ щагъэкI губгъуэхэри. Зэгуэр а къэкIыгъэр Кавказым икIа мухьэжырхэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм здахьауэ щытащ икIи щащIэр шэрджэсхэр зэуIуу щыпсэу щIыпIэхэрт. Нобэ ар Тыркум и мэкъумэш IэнатIэм нэхъ щIэупщIэ щызиIэхэм ящыщщ, абы и щIыпIэ куэдым щагъэкI. Къэралым, хьэрычэтыщIэ щхьэхуэхэм фейдэшхуэ къахуэзыхь къэкIыгъэм адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ нэмыщI йолэжь тыркухэр, курдхэр, езыдхэр, зазэхэр, абы щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэр.

- Иджыпсту Шапсыгъкуейм дыдыхьэнщ, щIыпIэм щыIэ Хасэр зэбгъэлъагъунщ, - жиIащ Дюздже къалэм щыщ ди бысым Шэгудж Орхьэн, - зэман ди куэдщ, дыуэршэрынщ, дедзэкъэнщ...

Лъэпкъ щэнхабзэм и унэ къуажэкум итым и уэздыгъэхэр блэрт, зэманыр хэкIуэта пэтми. ПщIантIэм хъурейуэ къыщетIысэкIауэ уэршэрхэрт нэхъыжьхэр. Унэм и етIуанэ къатым адыгэ макъамэ къыщIэлъукIырт - абдеж джэгу щащIырт щIалэгъуалэм.

Унэ щIыхьэпIэм хъыбарегъащIэ зыбжанэ фIэлът. Абыхэм ящыщ зым си нэр техуащ. ДэжьейIэрысэ сурэт зэрыт тхылъымпIэ напэ цIыкIум тыркубзэкIэ бжыгъэ гуэрхэр тетхат. Тыркубзэр умыщIэми къыбгурыIуэнут абы къикIыр: «ДэжьейIэрысэ килограммыр лири 4,5-кIэ къыIыдох». Урысей ахъшэмкIэ ар сомищэм ноблагъэ. Тыркумрэ хы ФIыцIэ Iуфэмрэ а дэ лIэужьыгъуэм щаIэ уасэр зызогъапщэ. Сочэрэ ТIуапсы щIыналъэмрэ щыIэ адыгэ къуажэхэм уасэхэр апхуэдэуи щылъахъшэкъым. Зэман и пэ «гъущI Iупхъуэр» Iуахыжа нэужь, Тыркум щыпсэу адыгэхэм куэду къагъэкI дэжьейIэрысэр европэ бэзэрым нэсащ. Дэ, тенджызым зэпэIэщIэ ищIа адыгэхэр, дыхуей-дыхуэмейми, щэхуакIуэхэр къешэлIэнымкIэ хьэрхуэрэгъу дызэхуищIащ гъащIэм. ДэжьейIэрысэм и уасэм теухуа хъыбархэр иджыпсту щыкуэдщ хы ФIыцIэ Iуфэм и щIыдэлъху лъэпкъым - шапсыгъхэм - я деж.

- Иджы зэманыр нэгъуэщIщ, - хэгупсысыхьауэ адыгэбзэкIэ жиIащ зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухъум. - Ди щIакхъуэ Iыхьэр къызыщIэтхыу щыта дэжьейIэрысэр пудыщэ хъуащ, адэкIэ къэхъунур тщIэркъым...

Шапсыгъкуейм и нэхъыжь Мамий

Шэгудж Орхьэн

Сабихьэ зэрыжиIэмкIэ, дэм и уасэм апхуэдизу щIыкIэрыхуам и щхьэусыгъуэр зыкъомкIэ епхащ Евросоюзым хэт къэралхэм яубзыхуа мардэхэм. Европей зэгухьэныгъэм зыхигъэзэгъэну Тыркур дапхуэдизу хущIэмыкъуами, къехъулIакъым. НэгъуэщIуи хъунутэкъым, - жеIэ си псэлъэгъум: бэзэр зэхэтыкIэр, Iуэху зэдэщIэкIэр гущIэгъуншэщ. Европэр зыпылъыр езым я кIэн къызэрикIынщ: нэгъуэщI щхьэ ягъэшхэн хуей, езыхэр зыщIэупщIэр Испанием Италием, Франджым щагъэкIмэ? Къэрал кIуэцI, къэрал щIыб бэзэрым щыIэ уасэхэр зэтригъэувэжын папщIэ, Тыркум и Правительствэм и гугъэщ дэжьейIэрысэ хадэхэм хухэха щIыр нэхъри игъэмэщIэну. Пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкIым, тутыным елэжьыным фейдэ нэхъ къапыкIыну хуагъэфащэ. ЛIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ дэ гъэкIыным елэжьу къэгъуэгурыкIуэ шэрджэсхэр властым и Iуэху еплъыкIэм дыкъигъэуIэбжьащ: нобэ жыгхэр къыдоупщIыкI, пщэдей Iуэхум зихъуэжмэ, сыт тщIэнур? Апхуэдэ шыгъушыпсыпIэ зэ ихуауэ щытащ къэралыр. «Бзу пыхусыхум» и хъыбарыр ирахьэжьэри, джэдкъазу щыIэр фIагъэжыжауэ щытащ. Иджы дэм къэсащ. БлэкIа илъэситIым и кIуэцIкIэ дэжьейIэрысэ килограммым и уасэм хэхъуэжащ - лири 2,5-м щегъэжьауэ 4,5-м нэс. Пэжщ, иджыпстуи уасэр зэтеувэжакъым...

Апхуэдэ дыдэ гукъеуэ яIэщ Кавказым, хы ФIыцIэ Iуфэм щыIэ адыгэ къуажэхэм щыпсэухэми. ЩIыпIэм щыIэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм къагъэув Iуэхугъуэхэм фейдэ къазэрыхухэмыкIым, щIы-мылъку зэхущытыкIэр зэрызэхэмыгъэкIам къыхэкIыу куэд щIауэ къадэгъуэгурыкIуэ Iуэхум пэрытыну Iэмал яIэкъыми, бэджэнду къащтэу щыта хадэхэр яутIыпщыж. ЦIыхуIэ зэмыIусэж щIыр зэщIокIэ. КIуэ пэтми пуд хъу дэжьейIэрысэр иджы абы къыщызыгъэкIыр зэса Iуэхур хыфIэзымыдзэжыф унагъуэ зыбжанэщ. БлэкIа илъэс тIощIым кърииубыдэу зэгуэр зызыужьауэ щыта, къуажэдэсхэм я щIакхъуэ Iыхьэр къызэралэжьу къэгъуэгурыкIуа мэкъумэш IэнатIэ лIэужьыгъуэр хэкIуэдэжыным нэсащ.

Хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм зэрыщыжаIэмкIэ, Iэщ гъэхъунми, бжьэ зехуэнми, шейудз, пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIынми къапэкIуэм хощI.

- Илъэс 30 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, «Лазаревский» совхозым (иджы «Шапсыгъ шей» зи фIэщыгъэм) илъэсым и кIуэцIым шейудз тонн 750-м нэблагъэ къыщIигъэкIыу щытащ, - жеIэ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид. - Мы щIыпIэм къыщыкI дэжьейIэрысэ лIэужьыгъуэм, адрейхэм хуэмыдэжу, куэд къапыкIэрт, IэфIт, узыншагъэмкIэ хущхъуэт. Илъэс къэс мы зы IуэхущIапIэм и закъуэ къыщIигъэкIыфырт дэ тонн 350 - 360-рэ. Ар щхьэдэхырт Совет Союзым и зэманым щыIа бжыгъэхэм. Апхуэдэт бжьэ гъэхъуным и Iуэхури. Мыбдеж къыщыщIагъэкI фо тонн 550-м нэс къэралым илъэсым иращэрт. Иджыпсту апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр ди пщIыхьэпIи къыхэхуэжыркъым. Ди цIыхухэр щыпсэу щIым и бысыму зэрыщытыр зыхамыщIэжауэ, Iуэху гугъум къэралым зыгуэркIэ гу къылъимытауэ, мэкъумэш IэнатIэм иIэ хъуа щытыкIэр пхуэхъуэжынукъым. Iуэхур хэдгъэтIасэми, дыщIегъуэжынущ.

- Къэрал псом къызэрыщекIуэкIым хуэдэу, мы щIыпIэми мылъкур щызэбгратыкIыжащ, - жеIэ Хасэм хэт, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран ТIэш Мурдин. - Субтропикхэм ятеухуа унафэ къыдэкIащ. Ахэр иджы нэгъуэщIхэм я IэмыщIэм илъщ, дэ дыщалъхуа щIыр бэджэнду къатщтэу аркъудейщ. Мазэ пщыкIузкIэ... ЩIым дызэрыкIэлъыплъыни къыдатынукъым - ди гуащIэ гъущэкIэ делэжьыжу аращ... Бэджэнд къэзыщтэхэм илъэс къэс щIэрыщIэу дэфтэрхэр ягъэхьэзырыж. ИкIэм-икIэжым, дэжьейIэрысэ губгъуэу гектар 750-р, жызумейхэр, шей чыцэхэр хэкIуэдэжащ. Ауэ нэхъ шынагъуэр аракъым. Хы ФIыцIэ Iуфэм и щIыдэлъху лъэпкъыр хокIуэдэж. Псом хуэмыдэу, ди щIалэгъуалэр... Абы я щытыкIэр ебгъэщхь хъунущ нэхъапэм щапхъэу къагъэлъагъуэу щыта дэжьейIэрысэ губгъуэхэм иджыпсту яIэ хъуам. Жыгхэр хасауэ щытащ зауэм и пэ къихуэу. Иджы якIэлъыплъын ямыIэурэ зэщIокIэж...

... УиIэу хъуар напIэзыпIэм пфIэкIуэдыным и гуауэр зыхищIащ Шапсыгъкуейм щыщ Натхъуэ Нэждэт. Властым и унафэкIэ зи жыг щэщI къизыудыжа Нэждэт хущIегъуэжащ. Иджы и дей хадэр къызэригъэщIэрэщIэжыным толажьэ. И къарури илъыжкъым, зэманри къомэщIэкI. Абы къелъытэ ар и къалэн нэхъыщхьэу. ИкIи мэгугъэ зэгуэр псори и пIэ иувэжыну...

- Адыгэм дежкIэ дэжьейIэрысэр ди щIакхъуэ Iыхьэр къызэрыдлэжь мэкъумэш IэнатIэ къудейкъым, атIэ ар ди тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ гупсысэм щыщ Iыхьэщ, - жеIэ Нэждэт. - ХамэщIыр къызыхуиуха ди лъэпкъэгъухэм мыIэрысей, кхъужьей, къыпцIей, дэжьейIэрысэ хадэхэр хасащ. ЛIэщIыгъуэ зи ныбжь хадэу шэрджэсхэм хасахэм уащыхуэзэр Кавказым и закъуэкъым, атIэ Тыркуми щыIэщ. Абы къыхэкIыу ди хабзэм щыщ хъуа дэ лIэужьыгъуэр къедгъэлын хуейщ. ЩIым ипIащ ди адэхэри ди адэшхуэхэри. ДепI дэри. Си фIэщ мэхъу ди щIэблэри зэрыхуэгъэшхэнур. ПщIэ, гулъытэ хуэтщIын хуейуэ аркъудейщ...

НЫБЭ Анзор.
Сочэ - Тырку - Сочэ

ДэжьейIэрысэр мэгъагъэ

● Абы дегъэпIейтей

Сабий нэтынхэр мащIэ мэхъу

УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыхилъхьащ сабийхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ щхьэхуэу яхуэгъэза телеэтынхэр зэрагъэбелджылы бжыгъэхэр Iуахыжыну: илъэс, илъэси 6, илъэс 12, илъэс 16 бжыгъэхэр щымыIэу, «18+» дамыгъэ закъуэр къагъэнэну.

СЫТ ХУЭДЭ Iуэху зэIумыбз министерствэм апхуэдэ щIыкIэкIэ игъэзэкIуэжыр е хэт зифI къилъыхъуэр? ГурыIуэгъуэкъым. Ауэ абы зэраныгъэ куэд къишэнущ. НобэкIэ хъыбарыщIэу къатыр псэм къытохьэлъэ икIи сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ялъагъур ягу щIэмыхьэн папщIэ абы хуэгъэхьэзырын хуейщ.

Егупсысыпхъэщ сабийхэр зэплъ нэтынхэр зыхуэдэм. Мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащ телевиденэм сабийхэм яхуэгъэза нэтынхэм зыщегъэужьын Iуэхум. Сыту жыпIэмэ, нобэ сабий литературэми киноми я Iуэхур щIагъуэкъым. Урысей каналхэм къыщат сабий нэтынхэр зэшыгъуэщ. Сабий нэтын хъарзынэхэр щагъэлъагъуэ «Карусель» каналым, ауэ ар кабелкIэ мэлажьэри, псори еплъыфыркъым. Канал нэхъыщхьэхэм цIыкIухэм папщIэ ягъэлъагъуэр егъэлеяуэ мащIэщ. Си гугъэщ, каналхэм сабий нэтынхэр къагъэлъэгъуэну Iэмал яIэнымкIэ къэралыр сэбэп хъуфыну.

Телевиденэм ныбжьыщIэхэм папщIэ нэтынхэр къыщыIэтыжыным дыщытепсэлъыхькIэ, къыдгуроIуэ абы щIэгъэкъуэн иIэн зэрыхуейри. Апхуэдэ проектхэр канал щхьэхуэхэм дежкIэ лъапIэIуэу къыщIэкIынущ. Ауэ фейдэ къыхэмыкIмэ, проектыр мыхъумыщIэу аракъым. Абы текIуэдэну мылъкур къэлъыхъуэн хуейщ. ЩэнхабзэмкIэ министерствэм и гугъэщ сабий мультфильмхэмрэ нэтынхэмрэ рекламэ къыдидзэу пщIыжмэ, сомым и Iуэхур гъэзэкIуэжа хъуну. Сабийр дихьэхауэ зэплъ нэтыныр рекламэкIэ щызэпыбудым деж абы и психикэм уегуэуэнущ.

Ауэ щыхъукIи, долъагъу бюджетыр гупсысэ щIэщыгъуэ зыхэмылъ фильм мыхьэнэншэхэм зэрытекIуадэр. Абы и щхьэусыгъуэм дыщыщIэупщIащ ЩэнхабзэмкIэ министерствэм, ауэ жэуапу къапытхар ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Iэмал мыфэмыцхэрщ.

Иужьрей зэманым министерствэм къыхилъхьэ хъуащ укъэзыгъэуIэбжь Iуэхугъуэхэр: рекламэм кърагъэгъэзэжыну, сабийм и ныбжь теухуауэ зэбгъэплъ мыхъунухэм хуит хуащIыну, сабий здэщыIэ IуэхущIапIэхэм метрищэкIэ нэхъ пэгъунэгъуу абыхэм къаIэрыхьэ мыхъуну дискхэр щащэну хуит ящIыжыну, нэгъуэщIхэри. АтIэ дауэ апхуэдэ щытыкIэм щIэблэ гъэса зэрыщIэппIыкIынур?!

БАТАЛИНЭ Ольгэ,
Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI.
«Российская газета»

● Ахъшэ

ЖармыкIэр хэкIыпIэщ

Къэрал псоми хуэдэу, Кубаным ерыскъым и уасэм щыхохъуэ. Пенсионерхэмрэ унагъуэ хуэмыщIахэмрэ я закъуэкъым уасэхэр «зэпIэскIур», атIэ ику ит хэхъуэ зиIэ унагъуэхэри абы щIагъуэу пэлъэщыркъым. Илъэс кIуам и шыщхьэуIум зэрыщытам еплъытмэ, щIакхъуэ-булъкIэхэкIхэм я уасэм - проценти 10-кIэ, фошыгъум - процент 30 - 35-кIэ, прунжым - 15 - 20-кIэ, тхъуийм хуэдищкIэ хэхъуащ. ХадэхэкIхэм я уасэри нэхъ щIагъуэкъым - мы гъэм кIэртIофым, къэбыстэм, бжьыным, пхъым я уасэр процент 20 - 30-кIэ дэуеягъэххэщ.

МЫ IУЭХУР зэрекIуэкIым махуэ къэс кIэлъыплъахэм а бжыгъэхэр иджыблагъэ Краснодар щызэхэта зэIущIэм къыщагъэнэIуащ. Тыкуэнышхуэхэр, бэзэрхэр зейхэр, хьэпшып къыщIэзыгъэкIхэр къэралым и лэжьакIуэхэм я гъусэу тепсэлъыхьащ Iуэхур зэрызэтебгъэувэж хъуну Iэмалхэм. Уасэхэр щIыдэуеяр гурыIуэгъуэщ: хьэпшыпхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ къызыхащIыкIхэм, Iэмэпсымэ щхьэхуэхэм, кредитым щхьэщатыкIым хэхъуащ, сомым и пщIэр ехуэхащ. ЩыIэщ Iуэхур фейдэ хэхыпIэ зыщIхэри: хьэпшыпхэр къащэхуурэ, лъапIэIуэу IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм щащэж. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыщIагъэщ кIэлъыплъакIуэхэми цIыхубэми. Краснодар крайм и прокуратурэм и сайтым къыщызэIуахащ хущхъуэхэмрэ ерыскъымрэ я уасэр лъапсей ящIу гу лъатэмэ, хъыбар здрагъэхь хъун къудамэ. Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щэн-къэщэхуным теухуа хабзэр къызэпаудауэ къыщIагъэщмэ, къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэм тезыр ткIий тралъхьэнущ.

Тыкуэнышхуэхэм я унафэщIхэм жаIащ къэралым дэлэжьэну зэрыхьэзырхэр, языныкъуэ хьэпшыпхэр, зэрыхъукIэ, нэхъ пуду щIэх-щIэхыурэ зэращэнур. Уасэр гъэмэщIэным теухуауэ куэд щIауэ къагъэсэбэп IэмалыфIхэм ящыщщ бэзэр махуэхэм ящI жармыкIэхэри. Краснодар апхуэдэ жармыкIэ щащI щIыпIи 7-м къызэщIаубыдэ къалэм и район цIыкIуу хъуар. Сату щащIэ щIыпIэхэр пщIэншэу къызэрыратым и фIыгъэкIэ, а Iэмалым хьер къахухокI зыщэми къэзыщэхуми. ЖармыкIэм щыIэ уасэхэр проценти 10 - 20-кIэ нэхъ пудщ адрей сату щIыпIэхэм нэхърэ. А уасэхэр егъэув жармыкIэм и комитет щхьэхуэм.

Новороссийск щыцIэрыIуэщ щэбэт къэс Ледневэ уэрамым щащI жармыкIэр. Абы йокIуалIэ край псом икI сатуущIэхэр. Пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIрэ щащэ шэтырым деж сыт щыгъуи чэзу щызэхэтщ. Старонижестеблиевск станицэм къраш кхъуей килограммыр - сом 320-кIэ, брынзэр - сом 280-кIэ ящэ. Щэбэт бэзэрым и IуплъапIэм фIэлъщ сатуущIэхэр зыфIэкI мыхъуну уасэхэм я хъыбарегъащIэ.

Красноармейск районым уасэхэр зэтраIыгъэн папщIэ штаб щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщащ. Ар и нэIэ щIэтщ муниципалитетым и унафэщI Васин Юрий. Абы зэрыжиIэмкIэ, щэбэт бэзэрыр иджыкIэ щыIэщ къуажи 10-м. Сондэджэрхэм япэщIэтынымкIи ар Iэмалу щыIэм я нэхъыфIщ.

ПАВЛОВСКАЯ Татьянэ.
Краснодар край.
«Российская газета»

● КъулыкъущIэхэр

Тхьэмадэр арэзыкъым

Ставрополь крайм и къэрал къулыкъущIапIэхэм къызэрагъэнэIуамкIэ, гъэзэщIакIуэ органхэм трагъэкIуадэ ахъшэр ягъэмэщIэнущ.

2015 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ къэрал къулыкъущIэ лэжьапIэ къащтэ мыхъуну зэрыт унафэм къару игъуэтащ. Губернатор Владимиров Владимир а унафэхэр социальнэ унэтIыныгъэ зимыIэ нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэми ехьэлIауэ зэрыщытыр къигъэлъэгъуащ.

- Сэ сыарэзыкъым министерствэщIэхэр къызэрагъэпэщу, къулыкъущIэхэм, правительствэмрэ муниципалитетхэмрэ щылажьэхэм я бжыгъэм хагъахъуэу. ЦIыхур нэхъыбэхукIэ, хэт сыт ищIэми хэт сытымкIэ жэуап ихьми нэхъ гурыIуэгъуей мэхъу. Абы къыхэкIыу, дэ къэрал къулыкъущIэхэр нэхъыбэ тщIыныр къэгъэнауэ, дгъэмэщIэнущ, - жеIэ Ставрополь крайм и губернаторым.

Ахъшэ къыдагъэхуэну я мурадщ щIыналъэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я телефонхэм техуэ уасэр, кIэзонэ мылъкукIэ ежьэм текIуадэр, ухуэныгъэхэмрэ унэлъащIэхэмрэ къэгъэсэбэпыным хухаххэр зэрагъэзахуэу. Апхуэдэу, щIыналъэ правительствэм и автопаркыр иризэрагъэпэщыжыну сом мелуан 25-рэ яхухихын идакъым Владимировым. Губернаторым абыхэм ягу къигъэкIыжащ Ставропольем нэхъапэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр щаубзыхуауэ зэрыщытыр, ахэр хуэунэтIащ 2015 гъэм экономикэ, социальнэ щытыкIэ зэпIэзэрыт щыгъэIэным, ар къэрал властым и лIыкIуэ псоми я стIолыщхьэм телъ тхылъ хъун хуейуэ къызэрилъытэри дыщIигъужащ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
Ставрополь къалэ

ТекIуэныгъэм и бэракъыр утыку ирахьэ.
Москва, 1945 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 24

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

ЛъагапIэм дэкIыфа

КIыщокъуэ Алим и журналистикэ, критикэ лэжьыгъэхэр

КIыщокъуэ Алим дуней псом цIэрыIуэ щызыщIар и художественнэ тхыгъэхэращ. Ауэ абы и публицистикэмрэ критикэ лэжьыгъэмри лъабжьэ быдэ хуэхъуащ ар дунейпсо утыку изышэфа и зэчиишхуэм. ТхакIуэм бгъэдэлъ Iэзагъыр лъэныкъуэ куэдкIэ зэрыузэщIар, ар зытепсэлъыхь цIыхум и гъащIэри, и ухыгъэри, и дунейри, и псэри зыгъэнэрылъагъу Iэмалхэр и тхыгъэхэм къызэрыщигъэсэбэпыр телъыдджэщ.

ЖУРНАЛИСТ IэнатIэм пэрыт тхакIуэ зэчиифIэр здынэмыса щIыпIэ Совет Союзым иIэу къыщIэкIынкъым. Абы зыплъыхьакIуэ къикIухьу аратэкъым, атIэ, тхакIуэ Абрамов Федор зэритхыжымкIэ, цIыху нэхъыбэ зригъэцIыхумэ фIэфIт, и творчествэмкIэ ар сэбэп хуэхъуу къилъытэрт. КIыщокъуэм и дуней еплъыкIэм, гъащIэ хэтыкIэм и лъабжьэу щытт ди хэкуэгъу лэжьакIуэжьхэр зыхэпсэукI гъащIэр, абыхэм я гурыгъугурыщIэхэр къэхутэныр, зэрыхузэфIэкIкIэ гугъуехьакIуэхэм ядэIэпыкъуныр. ТхакIуэр хэкупсэу, къэралым и цIыхухэм я ехъулIэныгъэхэм ирипагэу, Хэкум и текIуэныгъэхэм ягъэгушхуэрэ а Iуэхугъуэхэм и тхыгъэхэм щытепсэлъыхьу зэрыщытар абы и тхылъхэм щыболъагъу.

Совет Союз лъэхъэнэм социально-политикэ и лъэныкъуэкIэ щыIа хабзэхэм тетын хуейуэ къигъэувырт, ауэ КIыщокъуэр а идеологием зыдригъэкIу мыхъуу, хэIэтыкIа защIэу зэхэлъ тхыгъэм хуэIэзэу къыщигъэсэбэпырт метафорэ, псалъэ шэрыуэ, нэгъуэщI Iэмалхэри, езым и гупсысэкIэр къигъэлъэгъуэн папщIэ. Абы шэч къытрихьэркъым тхакIуэр цIыхубэм я гъащIэм пэмыIэщIэу псэун зэрыхуейм. Абы и газет очеркхэм языхэзым къыщыхигъэщащ:

- ЦIыхубэр зэрыбауэ хьэуар зыхищIэу, къеуз узым ирисымаджэу, ерыскъы ядигуэшу, губгъуэм щыкъугъ жьыбгъэ щIыIэм щIэжеикIыу, лэжьыгъэ хьэлъэм пэрыт IэщIагъэлIым и гугъуехьыр зыхищIэу щытмэ, ар тхакIуэ нэгъэсащ.

КIыщокъуэ Алим и къалэмыпэм къыщIэкIахэм щыкуэдт хамэ къэралхэм ятеухуа очеркхэр. Нигерие, Индие, Сирие, Вьетнам къэралхэм ятепсэлъыхьыкIэрэ, журналист Iэзэм хузэфIокI а щIыналъэхэмрэ Кавказымрэ зэригъапщэрэ, абыхэм зэхуэдэу, е зэмыщхьу яхэлъыр IупщIу къигъэлъэгъуэныр. Дементьев В. зэритхыжымкIэ, КIыщокъуэр иригушхуэрт щIыпIэ куэд къызэхикIухькIэрэ, абыхэм щызригъэлъэгъуа псэукIэр, я хабзэ, дуней тетыкIэр ди адыгэ лъэпкъ хабзэ зехьэкIэм, цIыху зэхэтыкIэм пилъытыну Iэмал зэригъуэтам. Абы и щыхьэтщ тхакIуэ Солоухин Владимир гу зылъыдигъатэри:

- КIыщокъуэр Индием щыхуэусэм деж ар жыжьэу къыщыувыIауэ абы къахэплъэм ещхькъым, атIэ езы къэралым и цIыхубэ усакIуэм хуэдэу дахэу я гъащIэр къегъэлъэгъуэф. Вьетнамым теухуа очеркхэм журналист Iэзэм IэкIуэлъакIуэу щIэджыкIакIуэм и нэгу къыщыщIегъэувэ США-м и кхъухьлъатэхэм зэтракъутэ Ханой къыщекIуэкI къулейсызыгъэр, губжь хэлъу къегъэлъагъуэ зауэм насыпыншэ ищIа цIыхубэм я щытыкIэр. Сирием теухуа очеркхэм яхыболъагъуэ диаспорэм и гъащIэр. Хэхэсыныр зи натIэ хъуа и лъэпкъэгъухэм ялъыгъуазэу, абыхэм я адэжьхэм я хьэл-щэн, хабзэ, анэдэлъхубзэ зехьэкIэр зригъэлъагъуныр тхакIуэм и хъуэпсапIэхэм ящыщу къехъулIащ, икIи и тхыгъэхэм Iэзэу къыщигъэлъэгъуэжащ.

Ищхьэк1э гу зэрыщылъыттащи, КIыщокъуэ Алим и творчествэм и къулеягъым щыщщ абы и критикэ лэжьыгъэр. Литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ тхыгъэхэм ятеухуа рецензэхэм наIуэ щохъу ар лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ а Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэр, абы фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу сыт хуэдэ тхакIуэми и Iэзагъымрэ и щыщIэныгъэхэмрэ утыку къызэрырилъхьэр. 1960 гъэм «Дон» журналым къытридза тхыгъэм КIыщокъуэм къыщыхегъэщ цIыхубэр сыт хуэдэ лъэпо-щхьэпо пэщIэмыхуэми, я нэхъ гугъу дыдэми усакIуэр абыхэм ящIыгъуу щытын зэрыхуейр, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ лъэхъэнэхэращ усакIуэм и Iэзагъым къару щигъуэтыр.

КъызэщIиубыдэ зэманымрэ къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэмрэ я лъэныкъуэкIэ икъукIэ купщIафIэу къалъытэ КIыщокъуэм и критикэ лэжьыгъэр. Ар кууэ топсэлъыхь IуэрыIуатэм, блэкIа лIэщIыгъуэхэм щыIа щэнхабзэм зехьэкIэм, бгырыс лъэпкъхэм я литературэм и зыужьыкIэм, адыгэ, дагъыстэн, къэрэшей, къалмыкъ, балъкъэр, шэшэн тхакIуэ пэрытхэм я лэжьыгъэм. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэн и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт ар. Зи гугъу тщIы тхыгъэхэм политикэрэ философиерэ хэттэкъым пхужыIэнтэкъым, ауэ, социалистическэ реализмэр зыхэта идеологие ткIийм и зэманми, КIыщокъуэм хузэфIэкIырт зыми емыщхьу езым иIэж дуней еплъыкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр наIуэ къищIын. Абы къегъэлъагъуэ творчествэ и лъэныкъуэкIэ зэдегъэкIуныгъэм къыщхьэщыкIыу абы бгъэдэлъа хуитыныгъэр. Къапщтэмэ, усакIуэм и творчествэм и гугъу щищIкIэ, абы къыхегъэщ авторым псоми ящхьу хэлъ нэщэнэхэмрэ езым фIэкIа зыми бгъэдэмылъ Iэзагъымрэ. КIыщокъуэм куэдрэ зыхуигъазэрт Гамзатов Расул и творчествэм. Абы гу лъитат усакIуэ Iэзэм псори зыщыгъуазэ Iуэхугъуэхэр, плъыфэхэр, зэхущытыкIэхэр художественнэ Iэмалхэмкiэ, езым бгъэдэлъ гурыщIэ лъэщхэмкIэ къигъэщIэращIэурэ цIыхубэм зэрабгъэдилъхьэжым.

УсакIуэм и IэщIагъэр КIыщокъуэм ирелъыт жыггъэкIым. Жыг лъахъшэ цIыкIур щихухэм якIэщIэзысэр щогугъ а жыг уардэ дахэхэм зыдашэщIурэ нэхъ цIыкIухэри абыхэм яхуэдиз хъуным зэрыщIэхъуэпсынум. КъэкIыгъэхэм яхэлъ а хьэл хьэлэмэтым урегъэгупсыс сыт щыгъуи нэхъыфIым удэплъеймэ, абы узэрылъэIэсынум. Апхуэдэ гупсысэхэмкIэ гъэнщIащ ЩоджэнцIыкIу Алий, ПащIэ Бэчмырзэ, Кулиев Къайсын, Турсун-заде Мирзо, Еутых Аскэр, Овечкин Валентин сымэ ятеухуа тхыгъэхэр.

ГъащIэр лъагапIэм хуэкIуэ гъуэгуанэу къелъытэ КIыщокъуэм. А гупсысэр пхырышащ абы и творчествэм и кIыхьагъкIэ. ЛъагапIэм удэкIыныр - ар блэкIар къэплъагъурэ къэкIуэнур зэрыхъунум уегупсысынырщ. Къуршыщхьэ хужьым тету къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр и нэгу къыщIоувэ, ипэкIэ плъэмэ уэс хужьым щIигъэна лъагапIэ къыщхьэщытрэ, абы дэкIыну хузэфIэкIмэ, нэхъыбэж къилъагъуну щIэхъуэпсу, - апхуэдэ гурыщIэхэмкIэ гъэнщIащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр.

ЩОДЖЭН Iэминат.

КъБР-м и Правительствэм и Унэр

● ЩIымахуэм къегъэзэж

«Налшык» санаторэр.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр.

«Эльбрус» хьэгъуэлIыгъуэ унэр.
Налшык, 2015 гъэ, мазаем и 18

● КъБР-м и прокуратурэм

Къуаншэм зеумысыж

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ А. Л. Iэ щIидзащ «Тырныауз шахтухуакIуэ управленэ» муниципальнэ унитар предприятэм и унафэщIу щыта Мизиев Мухар зэрагъэкъуаншэр щыгъэбелджыла тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 201-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ IыхьэхэмкIэ (и хуитыныгъэхэр къемызэгъыу къызэригъэсэбэпам щхьэкIэ), УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 4-нэ IыхьэмкIэ (хэщIыныгъэ зэрыригъэгъуэтам щхьэкIэ), УФ-м и УК-м и 195-нэ статьям и 1-нэ IыхьэмкIэ (банкрот щыхъуам къемызэгъхэр зэрилэжьам щхьэкIэ).

Уголовнэ Iуэхум къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, хабзэм къитIасэ лъабжьэ гуэри щымыIэу икIи и къалэнхэм хэмыхьэу, уеблэмэ предприятэр зейм - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэм - гурымыIуауэ, 2010 - 2011 гъэхэм мардэ зиIэ жэуаплыныгъэ зыхь «Эльбрус-Тур» обществэм сом мелуан 31-рэ иритащ. Иужьрейм и унафэщIхэм а ахъшэр я щхьэ Iуэхухэмкiэ къагъэсэбэпащ.

«Тырныауз шахтухуакIуэ управленэр» мылъку зыбгъэдэмылъыжу (банкроту) къалъытэну лъаIуэу КъБР-м и Арбитраж судым иужькIэ зыщыхуигъэзам, судми управленэм и кредиторхэми ящибзыщIащ обществэм дебитор щIыхуэшхуэ зэрытелъыр. Абы и зэранкIэ, кредит къезытахэм хэщIыныгъэ ин ягъуэтащ.

Iуэхур щызэхагъэкIым апхуэдэу белджылы хъуащ Мизиевым «Тырныауз шахтухуакIуэ управленэм» и автомашинэхэм ящыщ зыр, сом мелуани 2,5-м щIигъу и уасэр, пщIэншэу къагъэсэбэпыну езым и хэгъэрей гуэрхэм ярища хуэдэу зэгурыIуэныгъэ нэпцI ярищIылIэу зэраритар.

Судым и унафэкIэ «Эльбрус-Тур» обществэм ягъэIэпхъуэ мыхъу и мылъкум зэкIэ зыри еIусэ мыхъуну ягъэуващ. Яубыдахэм ящыщщ «Тегенекли» зыгъэпсэхупIэмрэ (Iуащхьэмахуэ лъапэ) Iуащхьэмахуэ щIыналъэм ухуэныгъэ щрагъэкIуэкI (турист базэ щащI) и щIы Iыхьэмрэ. Мизиевым зиумысыжащ езыр зэрыкъуэншамкIэ.

Абы теухуа тхылъыр Налшык къалэ судым хуагъэхьащ Iуэхум хэплъэн папщIэ.

Мурад бзаджэхэм яхуэгъэзауэ

«СМИ аль-Имарат аль-Кавказ» гупым щыщхэм Интернетым иралъхьащ экстремист нэщэнэ зиIэу къэплъытэ хъуну тхыгъэ.

УФ-м Ставрополь крайм щыIэ и МВД-м щрагъэкIуэкIа экспертизэм белджылы къищIащ тхыгъэр диным зэрыхущыт и лъэныкъуэкIэ зы гупыр нэгъуэщIым (мымуслымэнхэм) ящыгъэIеиным зэрыхуэгъэзар. «Экстремист лэжьыгъэм пэщIэтыным и Iуэху-кIэ» Федеральнэ закон №114-ФЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкIам и 1-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, апхуэдэ тхыгъэхэр экстремист унэтIыныгъэ зиIэу къалъытэ икIи ахэр хэIущIыIу зэращIым къыхэкIыу уголовнэ жэуап яхьын хуейщ УФ-м и УК-м и 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм зэрыщыубзыхуам тету.

Шэджэм районым и прокуратурэм судым зыхуигъэзащ а тхыгъэм экстремист лъабжьэ иIэу къэлъытэным икIи ар экстремист тхыгъэхэм я федеральнэ спискэм хагъэхьэным теухуауэ.

Хабзэм ткIийуэ тетыным и пIэкIэ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и прокуратурэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ а районым и ОМВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ и полицэм и унафэщIым и къуэдзэм егъэщIылIауэ.

Къэхъуар щызэхагъэкIым ягъэбелджылащ Тырныауз щыщ щIалэщIэр фэбжьхэр телъу район сымаджэщым зэрашар.

Балигъ мыхъуар жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ полицэм и унафэщIым и къуэдзэм иубэрэжьауэ къыщIэкIащ.

Апхуэдэу сэтей къащIащ, езыхэм я унафэщIым зэхищIыхьа щIэпхъаджагъэр щIауфэн мурадкIэ, къудамэм и лэжьакIуэхэм тхылъ нэпцIхэр зэрагъэхьэзырар, щIалэм джалэу фэбжь игъуэта хуэдэу къыщIрагъэдзыну.

Прокурор къэпщытэныгъэм кърикIуахэр Следствэ комитетым Iэрагъэхьащ. Иужьрейм зимыгъэгувэу уголовнэ Iуэху къиIэтащ зи гугъу тщIы унафэщIым теухуауэ

Тхылъ нэпцIхэр зыгъэхьэзыра лэжьакIуэхэм зэхащIыхьахэр прокуратурэм зэхегъэкI.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● ГАИ-м къет

Сом мини 3-м нэблагъэ ирагъэпшын

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м Административнэ хабзэр къызэпызыудхэр автоматизированнэу къэхутэнымкIэ и центрым (ЦАФАП) гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 2015 гъэм мазаем и 6 - 12-хэм 9411-рэ къызэпаудауэ иткIащ. Абы ипкъ иткIэ, къуэдыуэ сом мелуани 5-рэ мин 876,5-рэ тралъхьащ. А тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу сом мелуани 2-рэ мин 798,5-рэ, тралъхьахэм я процент 47,6-р, ирагъэпшынащ.

АДМИНИСТРАТИВНЭ къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу упшын хъунущ. А зэманыр блэбгъэкIмэ, административнэ къуэды зэрытралъхьамкIэ унафэм и копиер Суд приставхэмкIэ кулыкъум ягъэхь.

Административнэ къуэдыр хабзэм къигъэув зэманым къриубыдэу и чэзум ямыпшынмэ, УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьям ипкъ иткIэ ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ Iэмал имыIэу лэжьэну хуагъэув.

Къуэдыр Урысей пощтым, Сбербанкым е коммерцэ банкхэм я къудамэхэм, ГИБДД-м и къуэдыхэр къыщыIаххэм, щыхэплъхьэ хъунущ.

ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ:

Къуэдыр щыхалъхьэкIэ Iэмал имыIэу гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ унафэм и номерыр тэмэму къэгъэлъэгъуэным. Къуэдыр зэрыппшынамкIэ квитанцэм ар имытмэ, ахъшэр зэрыхалъхьар къигъэлъэгъуэнукъым.

ПщIэ зыхуэтщI шоферхэ!

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м Административнэ хабзэр къызэпызыудхэр автоматизированнэу къэхутэнымкIэ центрым (ЦАФАП) гу лъывегъатэ:

- гъуэгухэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпывмыуд;

- гуемыIу Iуэхугъуэхэр къримыкIуэн папщIэ къыфтралъхьа къуэдыр и чэзум фпшын.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ЦАФАП.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мазаем и 21-рщ.

Хьэутий зэи тщыгъупщэнукъым

● Фэеплъ

Мы гъэм щIышылэм и 14-м илъэс 58-рэ ныбжьым иту дунейм ехыжащ пщIэ зыхуэтщI, Лэскэн щIыналъэм футболымкIэ и тренер-егъэджакIуэ Мэремкъул Хьэутий Адэлбий и къуэр. Ар апхуэдизкIэ гущIыхьэ ящыхъуати, и дыуэщIым егъэлеяуэ цIыху куэд къекIуэлIат. Лэскэн щIыналъэм, Арщыдан къуажэм я администрацэхэм, спорт IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, и лэжьэгъухэр, жылэдэсхэр, щIалэгъуалэр...

МЭРЕМКЪУЛХЭ я лъэпкъым тфIэкIуэдащ пщIэ, щIыхь зиIэ, цIыхум фIыуэ къалъагъу, ныбжьэгъу пэжу къалъытэ къуэшыр, адэ, адэшхуэ Iумахуэр. Куэд къимыгъэщIами, Хьэутий гъуэгуанэ купщIафIэ къикIуащ.

ЩIэблэр псыхьауэ къэгъэтэджыныпмкIэ спортым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хьэутий и гъащIэри абы епхат. ФизкультурэмкIэ курыт IэщIагъэ хэха зиIэ Мэремкъулыр футболымкIэ тренер IэщIагъэм дихьэхауэ топджэгу ныбжьыщIэхэр игъасэрт. Абы и нэIэм щIэта командэхэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ. Къыхэдгъэщынщи, абы иригъэджахэм, игъэсахэм ящыщ топджэгу ахъырзэманхэм я зэфIэкI щагъэлъагъуэ «Спартак-Налшык», «Тэрч», «Кубань», нэгъуэщI командэхэми. И Iуэху бгъэдыхьэкIэм, хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ цIыхум, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, фIыуэ ялъагъуу къэгъуэгурыкIуащ.

Сэри си щIэблэми тщыгъупщэнукъым Хьэутий. Армэм илъэс куэдкIэ къулыкъу щысщIауэ лъахэм сыкъыщыкIуэжам, лъэпкъым сакъызэрыхыхьэжам щыгуфIыкIыу япэ зи Iэр къысхуэзышияхэм, зыкъысщIэзыгъэкъуахэм ар ящыщщ. Езым хуэдэу, къэзылъхуа и адэ-анэри цIыхуфIу дунейм теташ.

Мэремкъулхэ Хьэутийрэ Анетэрэ бын дыгъэл япIащ. Абыхэм я къуитIымрэ хъыджэбзитIымрэ гъэсэныгъэ дахэ бгъэдалъхьащ, щхьэж и IэщIагъэ иIэжщ, унагъуэ дахэу мэпсэухэр. ЩIалэ нэхъыщIэр и адэм и лъагъуэм ирикIуащ. Ар бэнакIуэ лъэщщ, тренерщ, лъагапIэщIэхэм зэрынэсыным яужь итщ.

ЗэрыжаIэщи, цIыхур псэущ, ягу къагъэкIыжу абы и цIэр къраIуэху. Лъэужь дахэ къигъэнащ Хьэутий. Нобэ къытхэмытыжми, ар тщIыгъущ псэкIэ икIи сыт щыгъуи фIыкIэ ди гум илъынущ.



МЭРЕМКЪУЛ Лиуан.

Газым фыхуэсакъ

Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэщхъу куэд къыщыхъуащ иужьрей зэманым, газыр тэмэму къызэрамыгъэсэбэпым къыхэкIыу. Абы и Iугъуэм цIыхухэр щитхьэлэ, езыр къауэу гузэвэгъуэ пыухыкIахэр къыщишэ щыIэщ. А псоми я щхьэусыгъуэр газыр къэзыгъэсэбэпхэр зэрымысакъырщ, хьэкухэр, адрей Iэмэпсымэхэр щхьэзыфIэфIу зэрагъэIэпхъуэрщ, зэрызэрахъуэкIырщ. Унагъуэхэм къагъэсэбэп газыр мылъкушхуэщ ар тэмэму зыгъаблэхэм, зыгъэсхэм я дежкIэ.

УРЫСЕЙМ и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм мафIэсхэр къэмыгъэхъунымкIэ и IэнатIэм и къудамэу Налшык къалэм щыIэм цIыхухэм мы Iуэхум ехьэлIауэ захуегъазэ, «Газыр унагъуэхэм къызэрыщагъэсэбэп хабзэхэм» къагъэувхэр текI имыIэу ягъэзэщIэну къыхуриджэу.

Газыр къызэрывгъэсэбэпым ехьэлIауэ гузэвэгъуэхэр къэмыхъун папщIэ:

газ Iэмэпсымэхэр щхьэзыфIэфIу вгъэувыну, зэвгъэпэщыжыну, зэфхъуэкIыну, вгъэIэпхъуэну фыхуемыжьэ;

газыр щIэвгъэнэн ипэкIи ар къыщывгъэсэбэпкIи пэшым жьы щызэпревгъэху;

газ хьэкухэмкIэ унэр фымыгъэплъ;

газыр щIэвгъэна нэужь абы зэпымыууэ фи нэIэ тевгъэт;

газ Iэмэпсымэхэм тет автоматикэр зэпэщу щымытмэ, апхуэдэ Iэмэпсымэр щIэвмыгъанэ;

газ ткIуаткIуэр зэрыт баллонхэр жьыр щызэприху щIыпIэхэм фIэкIа щывмыхъумэ;

газ ткIуаткIуэр къыщывгъэсэбэпынум деж краныр Iуфх, хьэкур зэрывгъэункIыфIу вгъэбыдэж;

газ Iэмэпсымэхэр щIэвгъэнэн ипэкIэ Iугъуэмрэ гъуэзымрэ изыш уэнжакъым и щытыкIэр къэфпщытэ, абы жьыр иримышу гу лъыфтамэ, газыр щIэвгъанэ хъунукъым.

Газым и мэр къыфщIихьамэ:

газыр зрикIуэ бжьамийм е баллоным тет краныр вгъэбыдэ;

мафIэдз къэвмыгъэлыд, тутын фемыфэ, электрон Iэмэпсымэхэр, уэздыгъэхэр щIэвмыгъанэ;

газыр щIэкIын папщIэ щхьэгъубжэхэмрэ бжэхэмрэ Iуфх, иужькIэ зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэр 04 телефонымкIэ къевджэ;

фи гъунэгъухэм яжефIэ сакъын зэрыхуейр;

газым и мэр зыщIэт пэшым цIыху щIэсмэ, щIэвгъэкI.

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм кIэлъыплъыныгъэмрэ мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ и IуэхущIапIэу Налшык къалэм щыIэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаиннэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №276